ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№141 (22.549) ● 2013 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 23, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым хэтхэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №61-УГ-мкІэ кьищтам зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр и Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым хэтхэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №61-УГ-мкІэ кьищтам мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн:

Лозинин Ю. В. - мардэ зиІэ жэуап зыхь «Майский» Банк» обществэм и правлензм и унафэщІыр *(зэрызэгурыІуам тету);*

б) Пархоменко Ю. В. - и кулыкъыр мыпхуэдэу тхын:

Пархоменко Ю. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэхэм я хуитныгъэхэм кьищхьэщыхьныкІэ щыІэ уполномоченнэр, «Іуэху щыІэрахьэ Урысей» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм и Советым и унафэщІыр *(зэрызэгурыІуам тету);*

в) Советым хэтхэм яхэгъэкІын Урысмамэт В. Т.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м
№110-УГ

Тэрч-Балькъ щІыналъэ къэзакъ жылагъуэм и Уставым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр и Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Лей зытехьа лъэпкъхэр хей щІыжьныр и Іуэхугъэ» Урысей Федерацэм и Законыр къзакъэм егъэщІылІауэ гъэзэщІэныжьІэ зэфІагъэкІыпхъэхэм ятеухуауэ» 1992 гъэм мэкъуауэгъэм и 15-м Урысей Федерацэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ №632-м ипкъ иткІэ **унафэ щІ:**

1. Тэрч-Балькъ щІыналъэ къэзакъ жылагъуэм и Уставу «Тэрч-Балькъ щІыналъэ къэзакъ жылагъуэм и Уставыр къэщтэным и Іуэхугъэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м кьыдигъэкІа Указ №131-УП-мкІэ къащтам зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м
№112-УГ

● КъБР-м и Правительствэм

Пщэрылъхэр ящещІ

КъБР-м и Премьер-министр Хьэсанэ Руслан бадзэуэгъуэм и 18-м ирагъэкІуэкІа зэІущІэм щыІэпкърахащ республикэм узынщагъэр хъумэныкІэ и Іуэхущапіэхэр егъэфІэкІуэным теухуа программэм щыубыхуахэр гъэзэщІа зэрыкъыр.

УЗЫНШАГЪЭР хъумэнымрэ курортхэмкІэ мининстрым и кІуэдзэ **Кхъуэлуфэ Аслъэн** кьыдэзригъэльэгъуамкІэ, нобэ ирихьэлІэу сом меларди 2-рэ мелуан 234-рэ мини 162,2-рэ и уасэ гъэкьыгъэ зэфІагъэкІащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елыитауэ сом мелуан 59,9-кІэ нэхъыбэщ. Іуэхущапіэхэр кьыдыхуэтыншэу зэгъэпэщыжьным сом мелуан 389-рэ мини 196,5-рэ, медицинэ Іэмэпсымэхэр кьэщхьуным - мелуан 460-рэ мин 257,7-рэ, хьыбархэр зэрахьуэ, кьыдзэрагъэсэбэн Іэмалыщ Іэм хуэкІуэным - мелуан 62-рэ мин 69,1-рэ, медицинэ дэІэпыкъуныгъэ зэрырат пщалъэщІэхэр кьэщтэным сом меларадрэ мелуан 322-рэ мин 639,1-рэ хухахащ.

- Узыншагъэр хъумэным и кьэрал Іуэхущапіэ 26-рэ зэдгъэпэщыжыну тедухуатн, мы мазэм и 15-м ирихьэлІэу 15-р зыхуей хуэдгъэзащ. Медицинэ Іэмэпсымэу 1733-рэ кьэтщэхун хуеятн, абыхэм ящыщу 1240-р кьетшэлІащ, 1233-р дгъэуващ. Я уасэхэм зэрыхэхъуам кьыхэкІыу, адрей 493-м дапэльащакъым, - жиІащ кьэпсэльам. - Аукцион 14 едгъэкІуэкІащ. Абы-хэм кьарикІуам ипкъ иткІэ, гъьнтхуэм зэреІэзэ Іэмэпсымэхэр, сабийкэмрэ балигъхэмрэ папщІэ диагностикэ комплекс кьэтщэхунущ. Мы зэманым заказхэр хьдогуашэ. А Іуэхум нэгъабэ и дыгъэгъазэм субсидиу сом мелуан 89-рэ щхьэхуэу хухахащ. Мы гъэми сом мелуан 67-рэ мин 942,2-рэ зыхуэхэзэ аукцион 14 кьыздгъэпэщащ, сом мелуан 40-рэ мини 157-рэ и уасэ зэгурыІуэныгъэу 9 етщІылІащ. Апхуэдэу сом меларди 125-рэ мин 785,1-рэ и уасэ аукционы 5 едгъэкІуэкІауэ, кьыхахахэм зэгурыІуэныгъэхэр ядощІылІэ. Зыри зэрыхэмыхьам кьыхэкІыу, аукционы 8 зэхэтакъым.

Министрым и кьуэдзэм кьыззэрыхигъэщамкІэ, медицинэ дэІэпыкъуныгъэм и пщалъэр гъэбелджьылъным, дохутырхэм я деж щагъуэт амбулаторэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэм хэгъэхъуэным сом меларадрэ мелуан 322-рэ мин 639,1-рэ кьыщагъэсэбэнащ.

- Мининстерствэм и Іуэхущапіэ 21-рэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэм и пщалъэ 43-м хуэдгъэкІуащ, ильэс 14 хьу ныбжьыщІэ 20200-м и узынщагъэр зыхуэдэм кІэльыдгъэпльащ. Мылькур мурыхуэу кьыпІэрыхьэмэ, ди ІэнатІэхэр егъэфІэкІуэным теухуа программэм щыубыхуахэр жэпуэгъуэ дызыкуэкІуэм и 1-м ирихьэлІэу тхуэгъэззэщІэну дыкьеГъэгъуэ, - кьыхигъэщащ Кхъуэлуфэ Аслъэн.

Хьэсанэ Руслан щІэупщІащ пэжыигъэр зэтезыІыгъэ ныкъусаныгъэхэр, зэІуэмбзыныгъэхэр кьыхэхэкІ щхьэуасыгъуэм. Абы кьэпсэтъамрэ Іуэхур зи пщэрылъхэрэ кьаІэм ящыщІащ программэм и дэтхэнэ Іыхьэми теухуа хьыбархэр зэщхьэщыхуэу икІи нэгъэсауэ хуагъэхьэзырыну.

КъыкІэлъыкІуэу зэІущІэм щедзІуащ нэгъабэрэ ми илъэсым и япэ мазихьмрэ зэфІагъэкІахэм теухуауэ рес-публикэм щыхубз хъыбарегъащІэ ІуэхущапіэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** ищІа отчетым. Абы кьыззэригъэльэгъуамкІэ, зи унафэщІ Іэнатім кьэрал кІэзонэ Іуэхущапіэ 14 хохьэ. Нэгъабэрей я бюджетым сом мелуани 169-рэ фІэкІа мыхьуамэ, мыгъэрей мелуан 412-м щегъу. Ар кьэрикІуащ «Къэбэрдей-Балькъэр- БТК» р зэрырагъэфІакІуэным, а зэфІэкІым зэрыхагъахьуэм. Республикэ газет псори мы гъэм Adobe InDesign (Индизайн) программэ гъэпсыкІэм хуагъэкІуэнущ. ЕтІанэгъэ щегъэжьауэ журналэхэм а программэр кьагъэсэбэпынущ, «Горянка», «Советская молодежь» газетхэр щхьэхэІэпльыкІэу кьыдокІ, «Адыгэ псальэм», «Заман-м, «КБП-м я щэбэт номерхэми апхуэдэ теплъэ ягъуэтащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Фэеплъ пэкІу

Урысей Федерацэм и цІыхубз сурэтыщІ Пащты Германрэ къэпсальэ. Абы къыбгъэдэтщ Кхъуэлуфэ Хьэчим.

КІыщокъуэ Алим ягу къагъэкІыж

КъБР-м и цІыхубз усакІуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь КІыщокъуэ Алим къыззэралъхурэ илъэс 99-рэ зэрырикъум теухуа пэкІу Налшык къалэ дэт абы и фэеплъым деж бадзэуэгъуэм и 22-м щекІуэкІащ.

ЗЭХУЭСЫМ кьрихьэлІащ республикэм и министерствэ зыбжанэм я лыкІуэхэр, Налшык къалэ администрацэм и лэжьакІуэхэр, КъБР-м и ТхакІуэхэм я союзым и зэхэт, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр, тхакІуэхэр, усакІуэхэр, журналистхэр, еджакІуэ цІыкІухэр.

КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Кхъуэлуфэ Хьэчим** пэкІур кьыдэзыІуиха нэужь, псалъэ иритащ Налшык къалэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ **Дзи Анжелэ.**

- КІыщокъуэ Алим и лэжьыгъэм пщІэшхуэ зэрыхуащІам и щыхьэтэ, абы кьыхуагъэфащауэ щытащ Горький Максим и цІэр зезыхьэ Къэрал саугъэтыр, «Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхубз усакІуэ», «Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэхэр, - жиІащ Долым. - ЦІыхур псэущ, абы и ІуэхущІафэхэр дунейм тетыхукІэ. УсакІуэ щэджащэм и Іэдакъэщэкіхэр зэи мыкІуэджын хьугъэфІыгъуэ. Гъэ кьакІуэ КІыщокъуэ Алим кьэзэралъхурэ илъэси 100 ирокъу. Абы хуэфащэу дыІущІэну кьытпэщылъщ.

- КІыщокъуэ Алим и Іуэху епльыкІэхэр псоми къагурыІуэу щытакъым, - жиІащ жужькІэ псалъэ зрата, Къэбэрдей-Балькъэрым и Жылагъуэпалатэмитхьэмадэ **Тау Пщыкьан.** - Ауэ тхакІуэшхэр, щэч хэмылъу, кьызыхэкІа лъэпкъым иФІ сытым дежи зезыхуа цІыхуэ.

Адэжь пэкІум кьыщыпсэльащ балъкъэр усакІуэ **Созаев Ахъмэт:**

- Апхуэдэ цІыху щэджащэ сцІыхуу зэрыщытам сропагэ, - жиІащ абы. - СощІэж КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ куэдрэ эпсальэу зэрыщытар. АпхуэдизкІэ тІури цІыху гумащІэт, цІыхуфІэхти, зэгуэр щызэпсальэм, я нэхэм нэпс кьеКІуауэ щІэсльэгъуауэ щытащ. Ар зэчиягъэшхуэ зыбгъэдэльащ я гущабагъэм и нэщэнэт. Апхуэдэ цІыху дгъэльэпІэнщ: жьэзыІу нобэ мыбы къекІуэлІа дэтхэнэ зыми фІыщІэшхуэ фхуэфащэщ...

- Адыгагъэшхуэ хэлъащ КІыщокъуэ Алим, - и гукъэкІыжхэмкІэ ядэгуэшащ «НОТР-Налшык» ОРТК-м и унафэщІ **Варокъуэ Владимир.** - Зэгуэрым Къэбэрдей-Балькъэрым ехьэлІауэ фильм тесхыт. Абы усакІуэшхэм теухуа эш Іыхьи хэтын хуейт. Арати, ар щыпсэу Переделкинэ сыкъэщыщхутащ, сепсэлъэлІэн икІи тесхын мурад сиІэу. ПсынщІэу зэфІэзгъэкІыну си мурадр, сызэрынэсу Іуэхум сеувэлІат. СыкъэкІэ гъуэгу тета цІыхур зэрещар, зэрымэжалІэр Алим кьыгурыІуэри: «Иужьыгъ дыззэдмышхэмэ, зыри тозгъэхьныкъым!», - жиІащ... Абы иужькІэ дыщІэкІуар къытхуищІэри, аэропортми езым и машинэмкІэ тыншу дыниГъэсыжат... Ар Іэфпу сигу кьинащ.

Адэжь псалъэ иратащ КІыщокъуэ Алим и тхылъ 15-м я тепльэхэр зыгъэщІэрэщІа, иджьпсту Краснодарск студие щызІэ, сурэтыщІ Іэзэ, профессор **Пащты Германрэ.**

- УсакІуэшхуэмрэ сэрэ куэдрэ дызэныбжьэгъуащ. Сигу кьзэгъэкІыжьи си куэдщ. Гугъущ дунейм ехьжар уи нэгум кьыщыщІэбгъэуэвэжыну, - жиІащ Пащты Герман, и нэпсхэм кьызэпижьхьауэ. - И творчествэм и гугъу пщІымэ, абы и инагъым щІэн гъуни иІэкъым.

Мэзкуу пэгъунэгъуэу щыпсэуа лъэхъэнэми КІыщокъуэ Алим щалъхуа и Къэбэрдей-Балькъэрым сытым щыгъуи и гур кьыхуеІэу щытащ. Абы техуауэу итха сатыр зыбжанэ кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьыщеджащ Кхъуэлуфэ Хьэчим. Уи гур егъэуз мыпхуэдэ псальэхэр зыхэт усэм: «Кхъужьей къудамэ, тхьэмпэ пыту, си хэку кьысхуиху кьысхуэгъэс. Аращ си шыпхъум кьысхуищІэну сызэрелъэІур махуэ хэс!». Хьэмэрэ мы псальэхэм ущеджэкІэ: «Данэм сыхэсми - сыкъэхэсщ!»...

Зэхьыхьэм и кІэухым кьызэхуэсахэм удэ гъэгъахэр КІыщокъуэ Алим и фэеплъым тралъхьащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сурэтхэр **ЕЛЪКЪАН Артур** *трихащ.*

● Гъавэ-2013

Горохыу гектар 200-м щІигъу

Мы зэманым Аруан районым помидорыр, нащэр, горохыр кьыщрахьэлІэж. Горохыр гектар 234-м щыІуахьжьати, дэтхэнэми центнер 50 кьытекІащ. Джэрмэнщык къуажэм и губгъуэм щащІа гектар 30-ри мыгувэу зэщІакъуэжьнущ.

УНЕЙ подсобнэ хозяйствэхэм теплицэхэм кьыщагъэкІа хадэхэкІхэр яхуэбгъэщащ. Нобэ ирихьэлІэу помидору тонн мини 5, нащэу тонн мини 2,5-рэ кьыщІачыжащ. КіэртІоф пасэри хьарзынэу кьехъулІащ. Апхуэдэу тонн 2700-рэ кьатІыжащ.

Уэлбанэм и зэрранкІэ япэ хэгъуэгъ тхьэмахуитКІэ гуащ. Хьэсхэм япэ хьыхьар «Империя» мэкъумэщышІэ-фермэр хозяйствэм и гъавэгъэкІэрщ. Абы и унафащІ Борчаев Зейтун кьиззригъэлъэгъуамкІэ, хьэр гектар 330-м щыІуахьжащ. Кьэхъун кьуажэм и губгъуэм щхьщрахьэлІэжам гектарым хуэзэу центнер 30 - 33-рэ кьыщІаІуКІащ. Мы махуэхэм Псыкуэд жылагъуэм и хьэсхэм хьэр гектари 160-м щызэщІакъуэж. Ар зэфІэкІмэ, «Империя» КФХ-м и комбайнерхэр Псынабэ Іэпхъуэнущ, хьэр гектари 175-м кьыщрахьэлІэжьынурэ, Аруан кьуажэм тхъуийр гектар 40-м щыІуахьыжьнущ.

«Империя» КФХ-м ІэщІэвыщІэу мини 3,5-рэ иІащ. Хьэцэпэцэр зэрызэщІакъуэжу, абыхэм яхуэгъэтІыльнэнущ, хьэуаэзр пыпхъуэу зэтральхъэнущ. Іэщ псэуальэхэм кьыщІащ кэнэщыбыр фейдэ пылъу кьагъэсэбэн, гъавэ щІалІэхэр ирагъэпшэр. Япэ хэгъуэр зэрызэфІэкІыу, хуит кьэхъуа хьэсэ щхьэхэхуэхэм силосыпхъэ нартыхур трасэнущ.

СОКЪУР Риммэ.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизион

Еплланэ джэгуэгъэ «Спартак-Налшык» - «Алания» (Владикавказ)

Налшык. «Спартак» стадион.
Бадзэуэгъуэм и 23.
Сыхьэт 19-м.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Мы гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым сабий гъэсапІэу 6 къыщрагъажьэнущ

Апхуэдэ унафэ кьыщащтащ республикэм и Премьер-министр Хьэсанэ Руслан, абы и кьуэдзэ Портэ Галинэ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министрхэу Семэн Пщыкъан, Мусуков Алий, ухунныгъэмрэ архитектурэмкІэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Кхъуэлуфэ Ириней, къэралыр зыхуеІэхэм папщІэ заказхэр хэгъэщэныжьмкІэ къэрал комитетым и унафэщІ Дзыхьмыщ Артур сымэ ядригъэкІуэкІа зэІущІэм. Абы щыІэпкрахащ УФ-м и Президент Путин Владимир и Указым зэрыщыжилэм хуэдэу, щыпІэхэр сабий гъэсапІэхэмкІэ ирикьуу кьызэгъэпэщыным теухуауэ лэжьыпхъэхэр.

ЗИ ШКОЛ кІуэгъуэ мыхъуахэр щыналъхэзэм зэрыщагъэхьэзыр щыкІэр егъэфІэкІуэным хьихьэу, федеральнэ бюджетым щыщ субсидиуе сом мелуан 507,97-рэ Къэбэрдей-Балькъэрым хухахьнущ. Хьэсанэ Руслан зэрыжиІамкІэ, республикэр а Іуэхум сом мелуани 126,99-кІэ хэуфэнущ. ЗэІущІэм щагъэбелджылащ мы гъэм и ещанэ кварталым и кІэм, еплІанэм и пэм зыщІадзэну ухуэныгъэхэр. Ахэр 6 мэхъу.

Къэуэлуфэ Ириней кьызэрыхигъэщамкІэ, проект-сметэ тхьилъхэр мыгувэу хьэзыр хъунущ.

Сабий гъэсапІэщІэхэр Налшык къалэм, Аруан, Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Тэрч, Шэрдэж районхэм щаухэунущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● Зэпеуэхэр

ІуэхущІапІэ 30

Налшык къыщыхалъхьащ фІагъ и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэм и саугъэтыр къэхьыным теухуауэ илъэс кьэс щрагъэкІуэкІ зэпеуэр. Ар «Урысейм и хьэпшыпэ нэхъыфІу 100-программэм и Урыс-ефпсо зэхьэзэхуэм и мыгъэрей 16-нэ щыкІатэ Іыхьэщ.

ЗЭПЕУЭМ хьэрычэтыщІэ ІэнатІэ цІыкІуэр курыту 30 хьхьащ, продукцэрэ Іуэхутхьэбзэу лІэужьыгъуэм 100-м нэблагъэ утыку кьрахьащ.

Зэраубзыхуам хуэдизкІэ Къэбэрдей-Балькъэрым и бизнес-инкубаторым и гъэтхэгъуэлІэ пэшым щІыналъэ Іыхьэм хэтхэм я выставкэ зыубгъуа кьыщыщэрагъэпэщащ.

ЩІыпІэ комиссэм хьэпшыпэхэр зыхуэдэр кьиппыдтэпущ. КъБР-м и Іэтащхьэм и саугъэтыр зыхуэфащэхэр кьыхихьнущ икІи «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІу 100-урысейпсо зэпеуэм и кІэух Іыхьэм хигъэхьэнущ. Мыгъэрей программэр «Кьабзагъэр, шынагъэуэшагъэр, фІагъыр - зэманым игъэунэхуа унэтІыныгъэщ» кьыхихьэнырэ щІэту екІуэкІынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Сирием къикІыжахэм зыщІагъакъуэ

Бахъсэн кьалэ щекІуэкІащ Сирием къикІыжу я Хэку зэзыгъэгъуэтыжа адыгэхэм мылькукІэ защІэгъэжьауэным хуэунэтІа псапащІэ Іуэху.

● Псапащ Іэ Іуэху

Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Шапсыгъ Зэкъуан сымэ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ цІыху куэд я гуапэу мы Іуэхум зэрыхэтар. Куейм и Іуэхущапіэхэм кьищынэмысыщ, гъэгурыкІуэу кьрихьэлІэхэми я гум кьыбгъэдэжі сом бжьыбэ хальхьэрт. Я хэкуэгъуэм ядэпэкъыныгъэлар щыпІэ адыгэхэм концерт программэ щхьэхуэн зэхалъхьат, Нужьым, щалэгъуалэм джэгу зэхаублэжащ.

Марафоным щызэхуэхьэсащ сом мин 440-рэ. Іуэхур кьызэзыгъэпэщащэм зэрыжиІамкІэ, мыр тхьэмахуитІым и кІуэцІкІэ екІуэкІынущи, ахьшэр нэхъыбэ хъунущ.

ТЫПЭ Элинэ.

● ХьыбарегъащІэ

Благъуэмрэ фениксрэ

Налшык дэт Лъэпкъ музейм бадзэуэгъуэм и 24-м щегъэжьауэ щыщхьэІуэ и 28 хьуэ щекІуэкІынущ «Дракон и фениксэ и искусствэ Востока» гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт. Москва дэт КъуэкІыпІэ къэрал музейм бадзэуэм и гъэ кьыщыхьэм ирихьэлІэу 2012 гъэм япэу зэрыщагъэпэлъагъуэр кьуэдым ягу ирихьа выставкэр Мейкьуапэ, Тимашевск, Черкесск, нэгъуэщІ кьалэхэм щекІуэкІащ, иджы чэзыр Налшык кьылъысащи, мы Іуэхум хэпльэнэ хуейкъэ ахьшэ Іамыхьу Лъэпкъ музейм щІыхьэну Іэмал яІэщ.

Дунейм щыхъыбархэр

Лъэпкъ Іуэхухэм ятеухуауэ

УФ-м и Правительствэм кьыщтащ къэралым и лъэпкъ политикэр зэрабзыхуну щІыкІэм теухуа план. Ар Іыхьэ 82-рэ мэхъу, 2013 - 2015 гъэхэм зэфІагъэкІыну я мурадхэр кьызэщІиубыдэу.

Дэфтэрым кьыщыгъэлъэгъуа кьалэн нэхъыщхьэхэм я гугъу пщІымэ, ахэр - къэралым лъэпкъ политикэр зэрыригъэфІэкІуэну Іэмалхэр зэгъэуІунырщ, цІыхухэм зэхуэдэныгъэр, абыхэм конституцэкІэ яІэ хуитныгъэхэр кьахуэзгъэпэщыныр, щІэныгъэ щрагъэгъуэт ІэнатІэм зегъэужьынырщ, щІэблэр хэкупсэу гъэсэным пыщІа Іуэхухэр зэкІэлъыгъэкІуэнырщ, къэралым кьэІэпхъуэхэр щыналъэм изэгъэным пыщІа Іуэху псори тэмэму зэтеухуэнырщ.

ЗэрыщыгугъымкІэ, кьыхалъхьа жэрдэмыщІэхэр сэбэп хуэхъуэн хуейщ Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным, щыхухэм зыззэхащІыкІыным, яку кьаугъэ кьыдэмыхьэным, дэтхэнэ лъэпкъми и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ хуэфащэ пщІэ хуащІу щытыным.

Лъэпкъ политикэр ІэпэдгъэлІэл щащІа лъхьэнэм кьэралым щахьида гуп,хьэхэр кьалъытэу зэхалъхьа Стратегиер иджыпсту гулыитэ нэхьыбэ зыхуэщІыпхъэхэм ящыщу кьалытэ политологхэм.

ЩІыр щыхъеящ

Китаймрэ Ганьсу провинцэм дыгъуасэ пщэдджьым щІыр щыхъеящ балли 6,6-рэ и лъэщагъуэ.

Зы дакьикьэ хуэдизкІэ щІыр «зэрыудыныщІамэ» куейм ит ухуэныгъэхэм я процент 20-м щІигъур зэтрикъутащ. Нэхъ гуаэзращи, зэкІэ кьызэратамкІэ, щыпсэу щІыкъуэ щІигъу хэкІуэдащ а кьэхъукъащІэм. Цыхьу щипІым нэблагъэ уІэгъэ хьуащ.

Насыпиншагъэр кьыщыхьуа щІыпІэм ирашалІэ дзэм хэтхэр, полицейскэр, кьегъэлажьэхэр, гуэвэгъуэ хэхуахэм защІэзыгъэкъуэну хуейхэр. ЩІыр зэрыхъеящ щызыхьащІащ я гъунэгъу Шэньси провинцэми.

Тахьтэр хуит хуещІ

Бельгием и пащтыхь Альберт ЕтІуанэм и тахьтэр хуит хуищІащ и къуэ нэхъыжь Филипп.

Апхуэдэ унафэ щІищІам и щхьэусыгъуэм щыщІэупщІэм, Альберт ЕтІуанэм жиІащ и ныбжьыр зэрыхэкІуэтар икІи кьэрал унафэр пІэщІэльыным пэльэщым узынщагъэ зэримыІэжьыр. Абы ильэс 79-рэ и ныбжьщ, 1993 гъэ лъандэрэ а къулыкъум тетащ. Къэралым и унафэр зыІэщІэдльыну Филипп илъэс 53-рэ и ныбжьщ, щхьэгъуэ бынплІи иІэщ.

НОБЭ

◆ **Абхъаз Республикэм и Къэрал ныпым и махуэщ**

◆ **Мысыр Хьэрыи Республикэм и Лъэпкъ махуэщхэр зэрыщІэ - Революцэм и махуэщ**

◆ **Осетие Инщэм и хъыбарегъащІ Іуэхущапіэхэм я лъжьакІуэхэм я махуэщ**

◆ ЦІыкІ кьыгъэ фащиІ зэрыпхъуакІуэхэм кьыщыІэщІагъэкІыжа махуэщ. УФ-м и Президентым 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м кьыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ абы фІащащ «Зауэ щІыхьым и къаз» цІэр.

◆ 1903 гъэм «Форд» корпорацэм яз автомобиль кьыщІигъэкІащ.

◆ Іэпэлькъуэгъу псынщІэм и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтыр, Склифосовский Николай и цІэр зезыхьэр, кьызэрызэрагъэпэщэр илъэс 90 ирокъу.

◆ 1930 гъэм Москва авиационнэ институт кьыщщэзэІуаэкащ.

◆ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, кьэфакІуэ **Дзыхьмыщ Къэралбий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриткІэ, Налшык пщэрылъхэ-текІуэ щыщытынущ, ПІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр маХуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхьэнущ.

Зыгъэхъыгъэр ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Мариинэ.

Лъэпкъ Іуэщ ІэкІ:

Напэм техуэр жьэ жеІэф.

Республикэм щыпсэухэм ящІэн папщІэ

ІУЛЪХЬЭ зэрыпэІэпахым, корруупцэм пыщІа Іуэхухэр зэралэжьым е яІэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

Благъуэмрэ Іуэхуфэ

Налшык дэт Лъэпкъ музейм бадзэуэгъуэм и 24-м щегъэжьауэ щыщхьэІуэ и 28 хьуэ щекІуэкІынущ «Дракон и фениксэ и искусствэ Востока» гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт. Москва дэт КъуэкІыпІэ къэрал музейм бадзэуэм и гъэ кьыщыхьэм ирихьэлІэу 2012 гъэм япэу зэрыщагъэпэлъагъуэр кьуэдым ягу ирихьа выставкэр Мейкьуапэ, Тимашевск, Черкесск, нэгъуэщІ кьалэхэм щекІуэкІащ, иджы чэзыр Налшык кьылъысащи, мы Іуэхум хэпльэнэ хуейкъэ ахьшэ Іамыхьу Лъэпкъ музейм щІыхьэну Іэмал яІэщ.

● ЗэIущIэхэр

Хьэщ1эхэр къахуэарэзыщ

**Налшык дэт «Синдика» хьэщIэщым бадзэуэгъуэм и 17-м щекIуэкIащ «Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм агропромышленнэ комплексым зэпIэзэрыту зыщIагъэужьыныр щIэныгъэр и лъабжьэу кьуэзэгъэпэщын» урысейпсо щIэныгъэпрактикэ конференц.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-кьэухтакIуэ институтым и унафэщI Мэремыкьуэ Арсен зэIущIэр кьуэзэIуихри, иужьрей илъэсхэм республикэм и АПК-м зэрызэужьым, программэ хэхахэр зэрагъэзащIэм хэзыгъэхъуэ филь1экIэ1 ягъэльэгъуащ.

КЪБР-м и Iэтащхьэ Къанокьуэ Арсен зэхуэсым къриохьлалхэм фIыщIэ яхуищащ. Абы кьыхигъэщащ зытепсэльыхьыну я мурад Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхэу зэраIэр, гъащIэмрэ зэманымрэ кьарэуэв бжьанэхэм аэр лъэныкьэу куэдкIэ зэрапэжжэкыр икIи я гъэкьыгъэр купщIафIэу щытыну зэригуапэр.

- Дыз эрыщIагъуаээщи, ди кьэралыр Дунейпсо сату зэгъэхьэныгъэм (ВТО-м) куэд дэмыкIыу хыхьэнущ, - жIащ Къанокьуэ Арсен. - Абы ипкъ иткIэ зэфIэгъэкьыпхъэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ АПК-м епха Iэнатlэ псори европей, дунейпсо мардэхэм кьитIасэу кьыхэзгъэпэщынущ. Урысейр ВТО-м зэрыхагъэхьэм и хьыбар кьэIуэ щIыкIэтэкьым, экономикэ и лъэныкьуэкIэ мыхьэнэшхэу зиIэ, инновацIэ технологиехэр зи лъабжьэ инвестицIэ проектхэр ди республикэм и мэкъумэш хозяйствэм кьыщыдгъэсэбэлын щыщIэддзам.

Зытепсэльыхь Iуэхугъуэхэм я мыхьэнэм гу лъарилъатэу, КЪБР-м и Iэтащхьэм зы щапхъэ кьыхильащ: илъэсым кьурыбыдэу УФ-м иц щыхуэхэм мыIэрысэу тонн мелуани 4,5-рэ ерыскьыпхъэу кьыщагъэсэбэп. Абы щыщу тонн мелуани 3,5-р нэгъуэщI кьэралхэм кьраш. Апхуэдэ щытыкIэм арэзы укьыщIынкIэ Iэмал иIэкьым.

- Абы кьыхэкIкIэ икъукIэ игъуэу кьэльитапхъэщ хадэхэкIым зегъэужьыным хуэунэтIауэ ди республикэм мы зэманым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэфIэ, - жIащ Къанокьуэ Арсен. - Адэжь дыIэбэнщи, ди кьыптпэщыль Iуэхугъуэхэм ящыщщ кьуажэдэс кьыззэрыгъэкIэри инновацIэ технологиехэм дегъэхьэхьныр. АбыкIэ сэбэн хьуну бгъэдыхьэкIыщIэхэр зэтеухуахьэщ. Тегушхуэу псом ящэ щIэзыдза икIи я лъабжьэу кьэс зэпашэчу ипэкIэ кIуатэ зэрыфчэтыщIэхэм, мэкъумэшыщIэхэм я Iуэхугъэр адэкIэ зэрефIэкIуэнум щэ кьытесхьэркьым.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар кьызэхуэсаэхэм защыхуигъаззм кьыхихгъэщащ мыбы хуэдэ зэхуэсышхуэ ди республикэм зэрыщIэкъуэкIыр зэригъэпэж.

- Мэкъумэщ-промышленнэ комплексым идкъэпсту щыщыIэ щытыкIэм арэзы укъэзышIыщ куэд кIэлъыбгъуэ, - жIащ кьэпсэльам. - Ар, псом ящэрауэ, продукцIэр кьыщIэзыгъэкIэмрэ абы хуэныкьуэ цIыху кьыззэрыгуэкIэмрэ зэрызэлъэIэс «лъэмыжхэр» тэмэму идкъэри кьыздэсым зэрызэтемыбгъэзыхуарщ. Идкъэри нэгъуэщI зы Iуэхугъуэ: хадэхэкIым нэхъ-р нэхъ унэтIыныгъэ зэхэгъэкIыгъуэй мэкъумэш хозяйствэм эхткъым. Абы кьит хьерыр ельытащ дунейм и щытыкIэнымк, кьэбгъэсэбэп щыгъэпэрэхэмк. ЗэпымыдэчыныкIэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэу кьоуб кьэунэху иннованэ технологиехэм ящыщу дэтхэнэр ди щIыналъэм кьыщыгъэсэбэпыпхъэмк.

Зэхуэсым щызэпкъраащ КИФЩI-м мэкъумэш кьэкIыгъэхэр зэрыщащIэ технологиехэр егъэфIэкIуэным теухуа инноваIэ унэтIыныгъэхэр зыхуэзэр, щIым и зехьэкIэм щэныгъэ-методикэ лъабжьэ быдэ кьыхуэзгъэпэщынымкIэ лэжьыпхъэхэр, хьэсэхэм я зехьэкIэм кьыщыгъэсэбэпыпхъэ Iэмал гъэунэхуаэхэр зыхуэзэр, нэгъуэщIхэри.

Мэзкуу кьалэ дэт Россельхозакадемием щIым елъежьынымкIэ и кьудамэм и академик-секретарь Завалин Алексей зэхуэсым кьекIуэлIаэхэм я гъэзэжкIэ кьыхигъащI, КЪБР-м и унафэщIэм хьащIагъэ кьыззэрырахамкIэ фIыщIэ зэрахуищIыр, апхуэдэури АПК-м Iэмалыщ1эхэр кьыщыгъэсэбэпынымкIэ ди республикэр япэ зэрыщIэр зэрыфIэщIагъэуэныр.

Махуэм и етIуанэ Iыхьэм тепсэльыхьащ Iэщ гъэхъуным зегъэужьным хуэунэтIауэ щIэ зэкIыпIэхэм, республикэм и гъавэ щIапIэхэм еплащ, адыгэмэ лъэпкъ кьабзэхэр зэрагъэхьу щIыкIэм зыхэгъэгъуэзащ.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

● Лъэпкъ Iуэху

САФАРАЛИЕВ Гаджимет:

Урысейм дуней псом иригъэлъагъунущ Олимпиадэр щрагъэкIуэкI щIыпIэм адыгэхэр иджыри зэрыщыпсэур

***Къэрал Думэм Лъэпкъ Iуэхуэкмкl и комитетым и унафэщI Сафаралиев Гаджимет «Урысейр псоми сищ» портальмкI тепсэльыхьащ ди хэкуэгъуэхэм ятеухуа хабзэубзыхь проектым щрыщIэу зэрыхэзгъэхьэжьыр икIи 2014 гъэм екIуэкIыну Олимп Джэгуэр кьыщызIуахьэ адыгэхэм я щэнхабзэр зэрагъэльэгъуэнум.**

- Идыкьыбгъэ уэ щыпIащ ди хэкуэгъуэхэм ятеухуа хабзэубзыхь проектым зэгъэзэхуэжьынымрэ зэрыхагъэхьэжьынмр. А гъэкьыгъэ щрагъэ нэсащ?

- Зэгъэзэхуэжьынмрэ иджыри хальхьакьым, ауэ я гъэкьыгъэ и кIэм ноблагъэ. Мы Iуэхугъэ зэгъэщIылIэри щэрджэсхэм я закъуэкьым - ар екъэлIащ ди хэкуэгъуэхэр кьэтпытэн хуэй псомк. Дэ зи гугъу тIщы проектым хэдгъэхьэну кьытхуэнэжар щыщ - зэгъэр Урысей империем щыпсэуэ лъэпкъхэр, щыхэтеу щыIэмэ, щэрджэсхэр, ди хэкуэгъуэ кьэтпытэ зэрыхьунур.

Законым ди хэкуэгъуэхэр кьилъытэр 1917 гъэм и пэкIэ Урысейм щыпсэуэхэм я закъуэт. Зэман дэкIри, дэ нэхъ лъэхъэнэ жьыжьэ дыIэбэ хуэщ. АрщхьэкIэ нобэ зи гугъу тщIыфынур мыращ: Сирием щыщ щэрджэсхэр кьэпэжьынщ здгъэхьулIэми, зи адэжь лъахэ кьэкIуэжьынущ хуеинур а лъэпкъым щыщу зи гугъу тщIы кьэралым щыпсэухэм я проценти 10 - 15-м щIигъунукъым.

- Проектым хальхьэ зэгъэзэхуэжьынгъэхэм кьэралым и Iэтащхьэр щыгъуазэ фщIа?

- Ди хэкуэгъуэр» псалъэм и мыхьэнэм зедгъэубгъун мурадкIэ, Путин Владимир зыбжанэрэ зыхуэдгъэзащ. ИкIэм-икIэжьым ар ди телъхьэ хъуащ. Абы кьыджкIащ: дищIэхэм нэхъапэм щыпсэуахэр Iэмал зэриIэкIэ нэхъыбэгъу зэтпэгIэжмэ нэхъыбIащ.

Проектым дяпэкIи делэжьынущ икIи дыхуейщ а программэр ахъшэхэм щIэдгъэбзыщIэну. КъэкIуэжмэ кьанэ щымыIэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ. Абы хэм я зэфIэкIкIэр кьыщагъэльэгъуэфынущ медицинэм, юриспруденцэм е бизнесым. АрщхьэкIэ фIэкIыпIэ имыIэу хуагъэувыр зыщ: кьэкIуэжьхэм ди кьэралым зегъэужьыным кьару ирахьэлIэн хуейщ.

- **«Ди хэкуэгъуэхэм я Iуэхуэкl» хабзэ егъэфIэкIуар сыт хуэдэ щIыкIэкIэ пхагъэкIыфынр?**

- Си гугъэщ а программэр ехъулIэныгъэ хэлъу ягъэзэщIэфыну икIи ар мыIейуэ ахъшэкIэ щIагъэбыдэну. ПсэупIэ и лъэныкьуэкIэ квотэхэр сирие адыгэхэм я лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу республикэхэм я мызакъуэу, Хабаровск краймрэ КъуэкIыпIэ Жыжьэмэ ираты нущ. Мы Iуэхур хуэгъэзащ ахэр лэжьыгъэкIэ кьыззэгъэпэщынми.

- Зэгъэзэхуэжьынымрэ хъуэгъуэгъэ?

- Ди дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэр УФ-м и Президент Путин Владимир ди гупсысэр зэрызэрыдгъэпытащ. Си гугъэщ мыгувэу Iуэхур ипэкIэ кIуэтэну. Дэ кьытхуэнэжьар абы дыпэплъэнырщ.

- Уэ ящыпIытэрэ Сирием кьиныж адыгэхэм я адэжь гъаехэм лъабжьэ щагъуэтынущ?

- Абы шэч хэлъкьым. Езы щэрджэсхэм я бжьигъэ Урысейм ящыщыщащэ (мелуанми нэсырыкIыпI), кьэпIыпIэмэ, дауи, дэ абыхэм дахуеиннущ.

Арыншамэ, абыхэм хэщIапIэ ящынущ Израильр, Иорданиер, Тыркур, США-р, Арыт-Кавказ зауэм гущIэгъуншэу дуней псом щрикъуныкъуэ щытащ.

- Урысейр Сирием щыщ адыгэхэм ядэIэпыкьун хуэщ?

- Псом япэу дэIэпыкьун хуэйр щыпатэ е федеральнэ правительствэхэм я мызакъуэу, езы лъэпкъыращ. Ар зыхуэгъэзащ щытыпхъэр ахъшэ яхуэзэхуэхэсынырщ, щIыпIэхэм кIуэуэ щIэгъэкъуэн яхуэхъуфыну жылагъуэ зэгъуэныгъэхэр куэдыкIеуэ кьыззэгъэпэщынырщ. Абы папщIэ Iэмалхэр щыIащ.

- Олимпиадэр я адэжь щIыналъэм щрагъэкIуэкIыныр зымыдэхэр нэгъуэщI кьэрадзэм щымащIэкъым. Щэрджэсхэм хуэдэу, я жагъуэ я кьыззэрыщIар ягу кьагъэкIыжьынущ нэгъуэщI лъэпкъхэми... Хэт абы зи фейдэ хэлъыр?

- Мыр Iуэху бгъэдыхьэкIэ кьемызэгъащ. Олимпиадэр екIуэкIынущ икIи ар зыми кьызэпиудыфынукъым.

Щэрджэсхэм я гугъэ щIыIэмэ, Олимпиадэр кьыщыззIуахьэ адыгэхэм я лъэпкъщэнхабзэ лъапIэныгъэхэр ягъэлъагъэунущ. ГуфIэгъуэ зэхуэхъэм щэрджэс кьафэхэр, «Нарт» эпосым ехьэлIа гъэлъагъуэныгъэхэр, мы щIыналъэм нэхъапэм щыпсэуа иджыри щыпсэу цIыхухэм я кьекIуэкIыкIар кьэзыIуэтэж куэд хэтынущ. Псори гъэхуэдэу икIи уэбзыкуэу щытынущ. Ар Дунейпсо Олимп комитетымрэ (МОК) Сочэ-2014-м и КъызэгъэпэщакIуэ комитетымрэ кьаIытащ.

Кlэщlу жыпIэмэ, Урысейм дунейпсо жылагъуэм иригъэлъагъунущ щIымахуэ Олимпиадэр щекIуэкI щIыпIэм зэгуэр щэрджэсхэр зэрыщыпсэуар. Щыпсэуэ къудейкъым, атIэ иджыри щопсэу ди Хэкум - лъэпкъ куэдым зэдаIэ Урысейм и тхыдэ, лъэпкъ, щэнхабзэ лъапIэныгъэхэр яхъумэу икIи ягъэбагъуэу.

Епсэлъар **ДЗЭМЫХЬ Маринэщ.**
Москва кьалэ

(Кlэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Пщэрылъхэр ящещI

- Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Къанокьуэ Арсен ящIа пщэрылъым тетэ «КъБР-Инфо» хъыбарегъащIэ агентствэ мы гъэм кьызэдгъэпэщащ. Абы республикэм и хъыбарегъащIэ политикэр игъэтащIэщынущ, и гъэкьыгъэм урысейпсо утыкум зыщIигъэубгъунущ. Iэ тезыдзэхэм я бжьигъэм гъэдгъэхъуэн мурадкIэ, Iуэхугъуэ пыухыкIа едгъэжьагъэнущ, Урысейм и пощтым щIэзгъэжьынущ, жылагъуэхэм цIыхухэм дащыIуэгънущ. Мы зэманым республикэ телеканалхэм сыхьэтих хухах. «Къэбэрдей-Балькъэр ВТК-ГКУ-м зэхъуэкIыныгъэфIэхэр щыдгъэжьынущ, жащи махуэ щIэзыдзэ Iуэхугъуэхэм худогъэзыжьмкIэ, Мгц 99,5-м дэ дыдей «Къэбэрдей-Балькъэр» радиоканалыр щыщыIэзгъэхащ. Ар махуэ кьэс сыхьэт 12-кIэ мэлажь. «Къэбэрдей-Балькъэр» ГТРК-м зэфIэкI къэрзынэ бгъэдэтIащ. ХьыбарегъащIэхэм кьадзэкIуэу, тематикэ программэхэр кьыщат, телепроект купщIафIэхэр щагъэхьэзыр. «НОТР-Налшык» ОРТК телекомпаниемэ телефильмхэр трех, щэнхабзэ-уэзэщIыныгъэ нэтынхэр егъэхьэзыр. Абыхэм республикэмэ, нэгъуэщI щIыпIэхэмэ хуэфащэ увыпIэ щагъуэт, - жIащ Къанокьуэ Арсен. - Ди унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ къыбарегъащIэ Iуэхугъуэхэр. Къэбэрдей-Балькъэр тIэунейрэ щытекIуащ икIи абыхэм кьапэкIуэу сом мелуани 6,6-рэ, мелуани 8,1-рэ кьыхуагъэфэщащ. Граждан обществэм и институтхэм я жьджэгарым хагъэхъуэн мурадкIэ, мыкоммерцэ организацIэхэм я сайт кьызэIуахащ. КъБР-м и Iэтащхьэм дежь щыIэ Жылагъуэ советымрэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Жылагъуэ парламентымрэ республикэм щекIуэкI

● Энергетикэ

Фейдэуэ сом мелуани 8-м щIигъу

Электрокьарууэ кьагъэсэбэпар кьызэрыльитэ щIыкIэм зэрызрагъэжьыну программэм хьыбыу, «МРСК СК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм апхуэдэ Iэмэпсымэхэр зэригъэувыну щытыкIэр нэрылъагъу ирегъэфIакIуэ. Къэпщтэмэ, Шэрджэм районым и электросетхэм токыу яфIэкIуэдыр абыкIэ щыIэ пащдгъэхэм нэскIэ ехащ икIи мы гъэм и мазихым къриубыдэу ику иту процент 12-м щIигъуакъым. Киловатт-сыхьэт мелуаниплIым ноблагъэ къахудигъэхуащ. Абы сом мелуани 8-м щIигъу куэдэ.

ТОК нэхъыбэ зэрыщыIэр щыгъуэ къаIытэу щыта Шэджэм районым кьагъэсэбэпыр зэрыхъэр зэпэзыбгъэ ящ фаэзэ счетчикыу 5450-рэ, фазищым хуэдэу 50 щагъэзащ. Иджыри, илъэсыр ирихьыкIыу 4290-рэ куэйм щытрагъэувынущ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, унагъуэ псори счетчиккIэ кьызэрагъэпэщынущ. Ар зэфIэкIмэ, етIуанэ мазихым кьриубыдэу зэпэзыбж счетчикиу миным нэблагъэ Лэскэн районым щагъэувынущ.

Iэмэпсымэхэр кьыщIэзыгъэкI заводымрэ «МРСК СК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэмрэ электросчетчикхэм кьатхэр зэрызэпалытыну щыкIэр ягъэбелджылащ, республикэм и бгылъэ щIыпIэхэм кIапсэнкIэ (хъэрш) связыр щызэтраухуащ. Iэмэпсымэхэм я лэжьакIэм тэмэму кIэлъыплъын щхьэкIэ, антенн лейхэр ягъэуващ, счетчик гуп щхьэхуэхэр нэгъуэщI хьэуа толькъунхэм траухуащ.

«МРСК СК» ОАО-м и щIыналъэ кьудамэм и пресс-лъэхуащIэ.

●Хъуампlэ банк

Нэхъ тыншу пlэрэ?

Урысейм и Хъуамп1э банкым и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэр штрих-код Iэмалымкl1э налогхэр кьызэрыхах технологием хуэкIуащ. Иджы куэдкIэ нэхъ тыншу икIи нэхъ псынщIэу налогхэр яхуот.

Абы папщIэ налог квитанцым и штрих-кодыр сканер хэха зиIэ Iэмэпсымэм ирахьэлIэн хуейуэ аркъудейщ. Ятыр зыхуэдизри, езы цIыхум теухуа хъыбар псори занщIэу зэпебж. Хуей щыхъукIэ, бжьигъэр екъуэж. Абы зэманышхуэ къахудегъахуэ.

Мы Iэмал кьызэригуэкIыр Налшык Пушкиным и цIэр зезыхъэ уэрамым щIыналъэ кьудамэм щиIэ хэщIапIэ нэхъыщхьэм дэлажьэхэм кьагъэсэбэп хъунущ. Ауэ кьыхэгъэщыпхъэщ штрих-код Iэмалымрэ сканер зиIэ Iэмэпсымэхэмрэ хэмыту налогыр кьызэрыхахэ технологиери зэрыщытауэ кьызэрыпэжыр.

Езы цIыхуэхэм Iуэхутхъэбгъэхэр зэрызэIабгъкIэ мы Iэмэпсымэм хуэдэу иджыри 50-м нэблагъэ республикэм и щIыхэрымрэ район центрхэмрэ мыгувэу а технологием щыпадзэну я мурадщ.

Фигу кьыдогъэкIыж: налогхэр щIэ лей хэмылъу Iах. Ахэр банк картэкIи ахъшэ Iэрылъхьэуи ят хуэнущ.

БАГЪЭТЫР Анзор.

Генерал Нэхущ 90 Мырзэбэч и вагъуэ

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм яхэлъащ хахуагъэ, псэемыблэжагъэ, жэуапIныгъэ, ныгуэщI хьэл-щэн дадгъэхэри. Абы и щыхьэтщ ди лъахэм и бын куэдым кьакIуэ зауэ гъуэгуанэхэр, зэрахьа лIыгъэр, ягъэльэгъуэ щапхъэфIэкIэр.

Хэку зауэщхэм жыджэру хэтахэм, зи кьалэныр хьэлэту зыгъэзэщIахэм, ди лъэпкъым и тхьадэм зи цIыгунэцIэр щыщ хьэрфхэмкIэ хатхахэм ящыщщ Нэхущ Мырзэбэч (абы куэдыр Боринскэ адыгэрэ) Мэрем и къэр.

Ар 1923 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м Хьэтlохьущыкьуей Ипщэ (Зеикьуэ) къуажэм кьыщалъхуащ. И сабинигъэр игъэкIуащ гурыхъагъэкIэ, Iэужьыфlэхэмкlэ хьэблэ сабинIхэм кьахэущу. Кьуажэ еджапIэр хьарзынэу кьухуащ. Абы теухуа гуфIэгъэ щыпхъэщхьэр екIуэкIащ 1941 гъэм мэкьуаугъэуэм и 21 жэщым. Iэджэм щIэхъуэпсыр зи щIалэгъэу, зи дахэгъуэ ныбжьыщIэхэр. Ауэ абыхэм ящыщ куэдым кьаапэльэр зауэ гущIэгъунщэм и гъуэгуанэ гугъуэхэр.

МэкЪУАУЭГЪУЭ мазэм кьриубыдэу Дзэ Плъыжьым иращхьэхэм яхэтащ Нэхущ Мырзэбэчэм. Ар Мэздэгу деж щыхурагъэджащ бийм и танкхэр зэрыпкъутэфыну Iэмалхэм. Итlанэ ягъэкIуащ Волхов фронтым. Жылагъуэ зыкьомым щызэуащ, танк зракьутэ фочыр Iэщlэльу. IэкIуэльакIуэу, лIыгъэ хэлъу и кьалэнхэр зэригъэзащIэр щалъагъуэм, сержант щэр кьыфIащир, цIыху 15-м я унафэщIу ягъэуващ.

Мырзэбэч нгъэващ гугъуехь, хьэзаб куэд. Дзэ Плъыжьым кьыкIуэтырт, кIэрыхухэр иЗу, ауэ Iэщlкlэ фIыуэ зэщIэузэда бий бзаджэмэ хэщIныгъэ ириту, гува-щIэхъамкIэ текIуэныгъэ кьызэрихьыну фIэщхьэныгъэр фIэмыкIуэду.

1942 гъэм и гъэмахуэм Нэхущыр зыхэт еплIанэ гвардие фочауэ дивизэр Сталинград и Iэгъуэблагъэхэм щекIуэкI зауэ гуащIэхэм хохьэ. Мырзэбэч, езыр сержантми, взводым и командир мэхъу, Iущагъ хэлъу унафэ зыхуищI сэлэтхэр фашистхэм япэщIоувэ, Iэмал зэрагъуэтуи япэкIэ мэкIуат...

Нэхущым зэман кIэщIкIэ кьраг1эхуе отсыр курсхэри, лейтенант щIэр кьыфIащ. Фронтым егъэзэжри, ротэм и унафэщI ящI. Мыгувэу уIэгъэ мэхъу. Тамбов яшэри, щагъэхьуэж. Абы и ужьхIэ ягъакIуэ Воронеж фронтым. 1943 гъэм и бадзэуэгъэу мазэм кьыхохутэ Курск и деж щекIуэкIа мафIэ гуащIэм. Аргуэрри уIэгъэ мэхъу. Зэрыхьужу, дзэм хохьэж.

Фашистхэр, кьызэдзэкъэкIыуэрэ, икIуэтыжырт. Абыхэм зыхащIат я кIэныр кьыззэримыкIынур. Итlанэ, ерыщу жъныкьуэкьуэрт, жылагъуэкIэ зэтракьутэрт, совет цIыху лажьэншэхэр щыхсыкьыншэу зэтраукIэрт. Адыгэ щалэм и нэгу щэкIащ бийм илэжьа хьэкIэжхъуэкIагъэ Iэщыр кьиныжу зыхуищIыр зыт - я кIэкуэгъуэхэм яль зэращIэжкьынырт, нэмыцэхэм удыну нэхъыбэ1уэ зэрырадзынырт. ЯгъэкIэ кIуэтэуэрэ, абыхэм кьыззэранэкIащ Харьков, Полтавэ, Невель...

Нэхущыр зи пашэ сэлэтхэм мызэ-мытIэу дыгъэ щызэрахьащ "Багратион" зи фIэщыгъэ операцIэр Белоруссием и щIыналъэм щрагъэкIуэкIым. Аехращ Двинэ КьухьэлIэм япэу зэпрысыкьыфар, бийр кьызэкIуэту псышхуэм и сэмэгурабгъу лъэныкьуэр кьэзыхубыдар, Дзэ Плъыжьым хэщIыныгъэшхуэ имыIэу адэкIэ кIуэтэныр кьызэзыгъэпэщар.

Мырзэбэчи и гупыр кьыхэжанэкIащ Полоцк, Молоденэ, Ветринэ кьалэхэр хуит кьыщIалъхьажи. Зэхуэхъэм ящыщ зым щIэрыщIэу уIэгъэ щыхъыр, ар сымаджэщым ещанэу щIэхуащ. Ауэ, хабзэ зэрыхуэхъуауэ, зыщIигъэгъавакъым. Зыхэта гупым лъэщIыхьэжащ, батальоным и унафэщIуи ягъэуващ. Кьухъэпlэмкlэ кIуатэуэрэ, совет армэр нэсащ Латвием, Литвам. Зарасай кьалэм деж Нэхущыр уIэгъэ хэлъэ щыхьыр, зыкьомрэ сымаджэщым щIэльын хуей хъуащ. Аргуэрри фронтым игъэзэжащ...

1944 гъэм и щэкIуэгъэуэ мазэм Мырзэбэч ягъэкIуащ командирхэр щагъэхьэзыр курсхэм. Абы щеджэу зэдзащIэм, ТекIуэныгъэ Иным и махуэри нэсащ...

Хэку зауэщхэр зэфIэкIа нэужь, Нэхущ Мырзэбэч советыдзэм кьулыкъу щищIащ. Фрунзе Михаил и цIэр зезыхьэ Дзэ академиер 1956 гъэм кьиуэри, полковник цIэр кьыфIащащ, Приволжскэ дзэ округым щитхъэщащ штабым и унафэщI, полкым и командир кьалэнхэр. Дзэ кьулыкъыр абы щрихьэлIащ Къуэдыгъэ Жьыкъэм.

Зыщалъхуа щIыналъэм кьитгъэзэжри, Кавказ Ищхьэрэ округым дивизием и унафэщIу щылэжьащ. 1970 гъэм Нэхущ Мырзэбэчэ кьыфIащащ генерал-майор цIэр.

Илъэсиблыр дэкIри, дзэм кьыжьэкIыжащ. Ауэ и Iэр зэтедзауэ ар тIысыжакъым. Жылагъуэ лъэныкъуэхэм хэтащ, Къэбэрдей-Балькъэрым и ветеранхэм я советым и унафэщIу, щIалэгъуалэр гъэсэным жьыдэжру хэлъжьыху, республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм сэбэп щыхъуу кьэзгъэгурыкIуащ. Нэхущ Мырзэбэч и романи дунеим кьытехьащ. "Фэхъус, Бахьсэн!" - ераща абы зэреджэр.

АдыгэлI хьыжьэм кьратат Хэкум и дамыгъэ лъапIэу зыкъом - Бэракъ Плъыжь ордену тIу, Вагъуэ Плъыжь ордену щы, Хэку зауэ орденым и я, етIуанэ нагъыщхэр. "Плъыжь зэныжьжьэгъуэ", "Іущжь1э ЗэщIэуэжьэ Кьарухэм хэту Хэкум кьулыкъу зэрыхуищIам папщIэ" орденхэр, медаль куэд.

А цIыху гъуэздэжр 1999 гъэм дунеим екьжащ. Ауэ уахъытыншагъэм хьхьаш абы и фэеплъ яхуищ. Нэхущ Мырзэбэч и цIэр зэрахьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым, Зеикьуэ дэт ещанэ курыт еджапIэм.

ГЪУКIАКЪУЭ Идар.

● Кlыщокъуэ Алим илъэс 99-рэ ирокъу

Дол Анжелэ къопсалъэ.

Кlыщокъуэ Алим и фэеплъ пэкIур йокIуэкI.
Сурэтхэр **ЕлъКЪАН Артур** *трихащ.*

● ЗэIущIэхэр

Хьэщ1эхэр къахуэарэзыщ

Налшык дэт «Синдика» хьэщIэщым бадзэуэгъуэм и 17-м щекIуэкIащ «Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм агропромышленнэ комплексым зэпIэзэрыту зыщIагъэужьыныр щIэныгъэр и лъабжьэу кьыззэгъэпэщын» урысейпсо щIэныгъэпрактикэ конференц.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-кьэухтакIуэ институтым и унафэщI Мэремыкьуэ Арсен зэIущIэр кьыззэIуихри, иужьрей илъэсхэм республикэм и АПК-м зэрызэужьым, программэ хэхахэр зэрагъэзащIэм зэзэгъыныгъэхэр ягъэльэгъуащ.

КЪБР-м и Iэтащхьэ Къанокьуэ Арсен зэхуэсым къриохьлалхэм фIыщIэ яхуищащ. Абы кьыхигъэщащ зытепсэльыхьыну я мурад Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхэу зэраIэр, гъащIэмрэ зэманымрэ кьарэуэв бжьанэхэм аэр лъэныкьэу куэдкIэ зэрапэжжэкыр икIи я гъэкьыгъэр купщIафIэу щытыну зэригуапэр.

- Дыз эрыщIагъуаээщи, ди кьэралыр Дунейпсо сату зэгъэхьэныгъэм (ВТО-м) куэд дэмыкIыу хыхьэнущ, - жIащ Къанокьуэ Арсен. - Абы ипкъ иткIэ зэфIэгъэкьыпхъэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ АПК-м епха Iэнатlэ псори европей, дунейпсо мардэхэм кьитIасэу кьыззэгъэпэщынущ. Урысейр ВТО-м зэрыхагъэхьэм и хьыбар кьэIуэ щIыкIэтэкьым, экономикэ и лъэныкьуэкIэ мыхьэнэшхэу зиIэ, инноваIэ технологиехэр зи лъабжьэ инвестицIэ проектхэр ди республикэм и мэкъумэш хозяйствэм кьыщыдгъэсэбэпын щыщIэддзам.

Зытепсэльыхь Iуэхугъуэхэм я мыхьэнэм гу лъарилъатэу, КЪБР-м и Iэтащхьэм зы щапхъэ кьыхильащ: илъэсым кьурыбыдэу УФ-м иц щыхуэхэм мыIэрысэу тонн мелуани 4,5-рэ ерыскьыпхъэу кьыщагъэсэбэп. Абы щыщу тонн мелуани 3,5-р нэгъуэщI кьэралхэм кьраш. Апхуэдэ щытыкIэм арэзы укьыщIынкIэ Iэмал иIэкьым.

- Абы кьыхэкIкIэ икъукIэ игъуэу кьэльитапхъэщ хадэхэкIым зегъэужьыным хуэунэтIауэ ди республикэм мы зэманым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэфIэ, - жIащ Къанокьуэ Арсен. - Адэжь дыIэбэнщи, ди кьыптпэщыль Iуэхугъуэхэм ящыщщ кьуажэдэс кьыззэрыгъэкIэри инноваIэ технологиехэм дегъэхьэхьныр. АбыкIэ сэбэн хьуну бгъэдыхьэкIыщIэхэр зэтеухуахьэщ. Тегушхуэу псом ящэ щIэзыдза икIи я лъабжьэу кьэс зэпашэчу ипэкIэ кIуатэ зэрыфчэтыщIэхэм, мэкъумэшыщIэхэм я Iуэхугъэр адэкIэ зэрефIэкIуэнум щэ кьытесхьэркьым.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар кьызэхуэсаэхэм защыхуигъаззм кьыхихгъэщащ мыбы хуэдэ зэхуэсышхуэ ди республикэм зэрыщIэкъуэкIыр зэригъэпэж. - Мэкъумэщ-промышленнэ комплексым идкъэпсту щыщыIэ щытыкIэм арэзы укьэзышIыщ куэд кIэлъыбгъуэ, - жIащ кьэпсэльам. - Ар, псом ящэрауэ, продукцIэр кьыщIэзыгъэкIэмрэ абы хуэныкьуэ цIыху кьыззэрыгуэкIэмрэ зэрызэлъэIэс «лъэмыжхэр» тэмэму идкъэри кьыздэсым зэрызэтемыбгъэзыхуарщ. Идкъэри нэгъуэщI зы Iуэхугъуэ: хадэхэкIым нэхъ-р нэхъ унэтIыныгъэ зэхэгъэкIыгъуэй мэкъумэш хозяйствэм эхткъым. Абы кьит хьерыр ельытащ дунейм и щытыкIэнымк, кьэбгъэсэбэп щыгъэпэрэхэмк. ЗэпымыдэчыныкIэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэу кьоуб кьэунэху иннованэ технологиехэм ящыщу дэтхэнэр ди щIыналъэм кьыщыгъэсэбэпынымкIэ.

Зэхуэсым щызэпкъраащ КИФЩI-м мэкъумэш кьэкIыгъэхэр зэрыщащIэ технологиехэр егъэфIэкIуэным теухуа инноваIэ унэтIыныгъэхэр зыхуэзэр, щIым и зехьэкIэм щэныгъэ-методикэ лъабжьэ быдэ кьыхуэзгъэпэщынымкIэ лэжьыпхъэхэр, хьэсэхэм я зехьэкIэм кьыщыгъэсэбэпыпхъэ Iэмал гъэунэхуаэхэр зыхуэзэр, нэгъуэщIхэри.

Мэзкуу кьалэ дэт Россельхозакадемием щIым елъежьынымкIэ и кьудамэм и академик-секретарь Завалин Алексей зэхуэсым кьекIуэлIаэхэм я гъэзэжкIэ кьыхигъащI, КЪБР-м и унафэщIэм хьащIагъэ кьыззэрырахамкIэ фIыщIэ зэрахуищIыр, апхуэдэури АПК-м Iэмалыщ1эхэр кьыщыгъэсэбэпынымкIэ ди республикэр япэ зэрыщIэр зэрыфIэщIагъэуэныр.

Махуэм и етIуанэ Iыхьэм тепсэльыхьащ Iэщ гъэхъуным зегъэужьным хуэунэтIауэ щIэ зэкIыпIэхэм, республикэм и гъавэ щIапIэхэм еплащ, адыгэмэ лъэпкъ кьабзэхэр зэрагъэхьу щIыкIэм зыхэгъэгъуэзащ.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

● Лъэпкъ Iуэху

САФАРАЛИЕВ Гаджимет:

Урысейм дуней псом иригъэлъагъунущ Олимпиадэр щрагъэкIуэкI щIыпIэм адыгэхэр иджыри зэрыщыпсэур

***Къэрал Думэм Лъэпкъ Iуэхуэкмкl и комитетым и унафэщI Сафаралиев Гаджимет «Урысейр псоми сищ» порталымкI тепсэльыхьащ ди хэкуэгъуэхэм ятеухуа хабзэубзыхь проектым щрыщIэу зэрыхэзгъэхьэжьыр икIи 2014 гъэм екIуэкIыну Олимп Джэгуэр кьыщызIуахьэ адыгэхэм я щэнхабзэр зэрагъэльэгъуэнум.**

**-

МылІэжыныгъэм стельщ и щІыхуи, абы и пщІантІэм фыкъыдэплъэ

Къру пашэ

Адыгэ литературэм и къежьэкІэмрэ зыужьыкІэмрэ тепщІыхьмэ, щэч хэтыкъым абы нобэр къыздэсым къикІуа гъуэгум КІыщокъуэ Алим и лІэщІыгъэкІэ уеджэ зэрыхьэнум. Ди литературэр щыгъэфІэувам КІыщокъуэм япэ ита щыІами (усакІуэхуэ дыдэхэри яхэту), къэбархьеибгъэ тхыгъэр, псом хуэмыдэу (лирикэр, роман лІэужьыигъуэр дунейпсо литературэ щапхъэм изыгъэтІысхьар, изыгъэувар, дунеипсо чІыгу изышар Алим и гуащІэм кьыдэкІарщ. Алим и жьауэм щІэту лъэщу бэкъуащ литературэр.

КІыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм укъыщеджэкІэ е и пІсэпэнкІэм ущыщІэдэІукІэ, гу лъыботэ кьру пашэм и образыр абы фІыуэ зэрилъагъэр. КъудрэІ кьыхэригъэсэбэпым. Лъэпкъ псоми хуэдэу, адыгэхэм Іуныджрэ щІэлІрэ хуащьыт бэм я пашэу щытыну зэфІэкІ зиІэхэм, «хэкуЛІ» жьхуэпІэнухэм. Апхуэдэхэрт «кьру пашэ» щІыхьыр зыхуагъэфащэр. Ар фІыуэ кьыхоц революцэм, граждан зауэм, абы кьыкІэлъыкІуэ илъэсхэм ятеухуаеу КІыщокъуэм итха романхэм.

КІыщокъуэ Алим езыр дапщэщи щытащ дыгъафІэ гъэгъуІэ япэкІэ узыиІэ пашэу, гъуаэзу, литературэм тепщІыхьмэ, ар кьру пашэ щІэхьуар и кьулыкъу лъэтэхэракъым - и кьалэмыпэм кьыщІэкІахэращ. Зэбгъэпщэн, зыпэплъытэн щымыІэ и усэхэмрэ прозэмрэщ. Лъэпкъ литературэм и жьантІэр иІыгъыу кьиІэзрекІуэкІарщ.

Пэжщ, мыбыи етупсысын хуей мэхъу: сэ кьыксфІощІ литературэм и пашэу зэрыщытым (и лэжьыгъэмкІи, и тхыгъэмкІи) ар нэхъ лейуэ иригъэгупсысу екІуэкІауэ тхакІуэм и кьалэнхэм, усакІуэм («поэтым» жиІэмэ, нэхъ кьыщтэ хуэдэщ Алим, и псалъэм нэмыби кьыхэщІеубыдэ) гъащІэм щиІыгъ, щиІыгъын хуей увыпІэм... УсакІуэу абы иримыгъазэ, иримыгулэз щыІэу кьыщІэкІынкьым. Алим кьалэм кьиІэзрищтэрэ ирогумэщ усакІуэм и щІ лъапІэр, лъагэр щІыхь пыІпу зехьэн Іуэхум, а кьалэныр нэхъ екІуу гъэзэщІэным. Дигу кьэдбгъэгъэкІыжьат аддэ пасэу, литературэм щыхьыхьа дыдэм игъафІэу щыта хьэупсэныгъэр: «Хьр си шакъалъэу кьалэм хуэфащэ сиІатэм...»

Зауэ зэманым итха усэхэмрэ поэмэхэмрэ кьагъэпъагъуэ лъэпкъ хьэл-щэныр литературэм щызэфІэувэнымкІэ КІыщокъуэм лъэбакъуэ лъэщ зэричар. Аращ япэ дыдэу зи фэкІи, зи акьылкІи, зи дуней тетыкІэкІи зэрыадыгэр зыми хэмыгъуаеу щІыхьэр лъэ быдэкІэ литературэм хэлъшэфар. Абы щыгъуи, а щІыхьэр ди къэрал иныи и хэкупсэ нэсхэщ, СССР-м и адрей лъэпкъхэм я бын псоми хуэдэу псэемыблэжу бий бзаджэм пэщІэту. Іуэхур тынщ щІыкІЫ щытакьым. Езы КІыщокъуэмрэ ар мызэмытІэу кьыщІыхигъэщащ литературэм, творчествэм екъэлІауэ итхахэм. Ди зэманым псэу щІыхьм и образ - зыми хэмыгъэущэну зэщІэкъуауэ, зыщыщІ лъэпкъкІи псомкІи къаэщІу, ауэ щІыхьуКІи, дунейпсо щІыхьбэм и хьэлщэнкІэ зэщІэпсэу, - кьзбгъэщІыныр нкъусыкъужкІэ кьалэн гугъуцІ», - щІыжкІэгъащ абы 1956 гъэм «Вопросы литературы» журналым кьытрыригъэдза тхыгъэм.

КХЪУЭЖУФЭ Хьэчим,
КъБР-м и Тхакіуэхэм я зэгуэхьэныгъэм и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

СССР-м и Унафэщі Хрущёв Никитэрэ КІыщокъуэ Алимрэ Кремлым щызэпсалъэ. *1963 гъэ*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщІ Мэлбахъуэ Тимборэ КъБАССР-м и Щыхь тхылъыр кърет. *1979 гъэ*

И напэм зэи епцІыжакъым

Псалъэ гуапэхэр, гурыщІэ Іэджэр, хъуэхъу дахэхэр гъунэжщ. ТхылъымпІэм ирижэну хьэзыр хъуа къаэлэмыр сІыгъщ зыІэщІэзмыгъэкІыу, тхэну сфІальэпІастхъэу. Си псэм къепщІа гуапагъэ Іэджэм сахощыпыхьыжу гукІэ. Нэхъ псалъэ хъарзынэ дыдэхэр кьыхэсхыурэ, уда Іэрамэу зэхэсльхьэну сыхэтщ. АбыкІэ сыхуэупсэнут Алим, ди адыгэ тхакІуэщхуэм, ди гъуазэм, ауэ, бетэмал, си гухэль псори кьрисІуэтэну згъуэтырыкъым сызыхуей псалъэкІэ.

СЩЫСЩ, къалэмыр сфІэльэпІастхъэу. Сыдоплъ щхьэгъубжэм. Дунейр нэщхъыфІэщ. Жыгхэр кьакъутэ пхъэщхьэмыщхьэм - Алим и Іэдакъэщ Іэкі Іэхэм хуэдэу ахэр берычат нэщэнэщ. ЖьакІэху хьэжауэ, кьурщхэр дыгъэм полыд, кьыпыгуФІыкІЭхэ щІопщохьу. Алим изогъэщхь абыхэм я нэхъ лъагэр, я нэхъ уардэр, я нэхъ бжьыфІэр. Ди Іуэщхьэмахуэщ КІыщокъуэм и фэр куэд щІауэ зэсплъэр. Апхуэдэу уардэу, бжьыфІэу Алим къахотэджькІ ди бгырыс тхакІуэхэм. Абы и усыгъэхэр налкъут щыгъэу щІэзэщІопщІыпщІэ адыгэ поэзием. Алим и романхэм къахотэджькІ зэи уигу имыхуж образхэр - щІыху зэхуэмыдэ Іэджэм я хьэл-щэнхэр, я дуней еплъыкІэхэр, я псэукІэр кьызыщыгъэлъэгъуахэр.

КІыщокъуэм и романхэр революцэмрэ абы и ужькІэ екІуэкІа гъащІэмрэ я гъуджэшхуэщ. Мыкъуэжьи икІи темыкІыжьи гъуджэщи, къэхъуну щІэблэхэр абы иплъэмэ, илъэс блыщІым ди щІыхухэм я псэукІар щалъагъунущ. Яльагъу хъуджеикІэ къэмынэу икІи игъэгулэзынущ... Зыщ щІитъэгулэзинури: иджыпсту екъуэ нэгъуэщІхэм сэтей къащІыж пэж шынагъуэр, япэм яхужымыІар е жаІэну зрамыкуар - псори щыщынэ зэманым Алим пэжыр жиІэфырт. Абы текІуэдэжи пэтащ. ЗыгъэкІуэдыну хэта жагъуэгъэхэми ящыщ куэд псэущ, пщІы супсэ, эдэнкъым.

Сэ къызэлъытэ: зэманым декІуракъым, зэманыр зыхуэдэр наІуэ къэзыщІыфыращ тхакІуэр. ТхакІуэщхуэщ, тхакІуэ нэсщ Алим. ПэжымкІэ пщІым и нэр изыщІыфу псэуа тхакІуэщ, зи напэм зэи емыпщІыжа ЦІыхуэщ. Абы и гъащІэр, и тхыгъэхэр, и дуней тетыкІэр зэыдэплъеинкъэ, Іущ узэрыхъункъэ, дерс кьызыхэпхынкъэ! Мыри си фІэщ мэхъу: уахътынпщ КІыщокъуэ Алим. Абы и тхыгъэ нэхъыфІэхэр лІэщІыгъуэ куэдкІэ псэунущ, дэтхэнэ щІэблэми акъыл кьыхихыу.

МЭШБащІЭ Исхьэкъ,
Адыгеим, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я щІыхуб тхакІуэ. Мейкъуапэ къалэ.

Налкъут мыункІыфІ

ГукъэкІ бжыгъэшэрэ гупсысэ мыхьасыкІэ гъэщІащ КІыщокъуэ Алим и тхыгъэхэмрэ гъащІэмрэ, куугъ и лъэныкъуэкІэ абы бжьыпэ щиІыгъи бгырыс лъэпкъхэм я литературэ, хуэфащэу кьыхуажаІэ «ИджыкІ Кавказым и акьылыфІэ» псалъэхэр.

ЖЫПІЭНУРАКЪЭ, лІэщІыгъуэ дыдэрыстым лъэпкъым кьикІуа гъуэгуанэм и фІыпІэ гъащІагъри КІыщокъуэм Іэзагъэ уардэкІэ кьиппыштэжащ, пкыырэ псэрэ хэлъу ди пащхьэ кьрильхьэжащ, къэкІуэнум хуэунэтІа дерс ІущкІэ ипсыхьащ. БлэкІам хэпъа бзаджагъэхэмрэ щыуагъэхэмрэ темыгъэзауэ, фІыгъуэм щІэбэнын - аращ КІыщокъуэм цІыхубэр зыхуиущийр. А гуращэращ КІыщокъуэм и тхыгъэхэм я щІэр нэхьри зыгъэльагэр.

Дэтхэнэ зы тхакІуэщхуэми хуэдэу, сакъыу икІи ткІийуэ екъуэмэ КІыщокъуэ Алим цІыхубэ гъащІэм и лІэужь кьабзэхэр, зыхилъхьэ щымыІэу.

Ди зэманым и гуращэхэмрэ и хабзэхэмрэ щІыху гъащІэм хэпщІауэ стхет кьищІыи мурадхэ, КІыщокъуэм и усэхэми и романхэми щыгъэнжьауэ лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ кьыщІаІуэкІа нэщэнэ налкъутхэр, лъэпкъым ныбжь и ныбжькІэрэ зэригъэпщэщІыхугъэ фащэкэр, хьыбар налъэхэр, сюжет тхылъ Іэрхьуа кьызыхэкІ кьэхъуакащІэхэр, жырыпкъыу псыхьа псэлъафэ щэрыуэхэр - щІэ щІэткъым цІыхубэ гъащІэр цІыхубэм и бзэкІэ «къигъэпсэльэн» папщІэ тхакІуэм кьигъэсэбэн Іэмалхэм.

КІыщокъуэм Алим и эстетикэм тхы кьупщхь папщІэу пхыкІ лІэужьыгъуэхэм ящыщІ лІыхьужьыгъэр, хахуагъэр, ахэр зи пщалъэ щІыхьыр, щІыхугъэр. ЖыпІэ хьунущ а лІыхьужьыгъэхэр ди нобэрей щэнхабзэм налкъут мыункІыфІыж зэрыхуэхуар Алим куэдыкІейкІэ и хьэрычту. ЛІыгъэр зищІысыр кьэзыгъэльагъуэ тхакІуэр езыри зэрымылІыгъэнщэм и щІыхьэ наІуэщ абы и кьалэмыпэм къыщІэкІа тхыгъэ купщІафІэхэр.

СОКЪУР Мусэрбий.
1982 гъэ.

Алим и яп уэсэ тхылъыр 1941 гъэм дунейм кьытехьащ. Ар кьызищтэри, зауэм Іухьауэ щытащ усакІуэр. Абы и ужькІэ Алим и кьалэмыпэм кьыщІэкІащ усэ тхыль Іэджи роман зыбжани. Нобэ хэт дежкІи ІупщІщ КІыщокъуэм и Іэдакъэщ Іэкі тхыгъэхэм зэманыр зэрыпэмыльащэр, ар ди лъэпкъым хуэупсащ нэр темыпмІэу зызыужь етІощІанэ лІэщІыгъуэ хьэлъэм и гупсысэ пашэхэмкІэ гъэнща, зи художественнэ кьарур кІуэ пэтми кьеблэ, зэманым кьигъэув упщІэхэм я нэхъ куум жьэуап зыщагъуэт тхыгъэ телъыджэхэмкІэ.

АЛИМ И УСЭМРЭ и проЗэмрэ адыгэ художественнэ гупсысэр фащэщІэкІэ зэрауэздар, абы и кууупІэм, и уэрыпІэм, и гущІапІэм унэзыщэс кьару а усэмрэ прозэмрэ зэрабгъэдэлъыр хэт дежкІи ІупщІщ.

КІыщокъуэм и усыгъэхэм, и роман гъуэзэджэхэм яубзыхуащ зауэ нэужь илъэсхэм гъуэгуанэщІэ техьа кьэбгъэдей литературэм и хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэмрэ и хабзэхэмрэ. Нобэрей ди литературэм и лъэпкъ фащэхэр, абы кьыпэплъэ зыужьыныгъэм и гъэзапІэхэр зыубзыхуар, псом япэрауэ, КІыщокъуэ Алимщ.

КІыщокъуэм и кьалэмым кьигъэщІа дэтхэнэ образри кьулейщ, сыт хуэдэ гугъуехьми банэуэрэ пхыкІыф, ар кьарурэ гъэщІэкІэ зуплІэнщІыф цІыхуэ Алим ди пащхьэ кьриГъэуэвэр - абы дыдригъэпльейин, щапхъэ трыдигъэхьн щхьэкІэ. Алим и усэ пасэхэм кьыщыщІэдзауэ, щІэщІыгъуэщ а образыр, дапщэщи пфІэхьэлъэмэтщ абы и гурыгъуэгурыщІэхэм, и Іэхъущлафэхэм, и хьуэпсапІэхэм уакІэльыпІыныр. ЕтІощІанэ лІэщІыгъуэ зэрыхьэзрийм и архъуанэ Іэджэм ущрохьэлІэ а цІыхум, дэнэ ущрихьэлІэми, уетхьэжьу и псэм хэлъ мафІэмрэ и гурыщІэ гъунапкъэнщэхэмкІэ. А цІыхур Алим и усэм дапщэщи щыщІэщыгъуэщ, щыкъулейщ. Апхуэдэ цІыхуущ мыпхуэдэ псалъэр зи гущІэм кьиІукІар:

Махуэ екІуэкІым
сыпІащІэу,
ХуэзІуэощэ сэ данэ.
ГъащІт! кьалэныр зы
гъащІэм
ЗэфІэдгъэкІыну добанэ.
Кьарум кьыхохьуэ,
Зэм хощІыр.
Сэ щІэн си гугъэм
и ныкьуэ
СымыщІэфауэ
кьысфощІри
Абы ирохьур сигу ныкьуэ...

Апхуэдэущ Алим дунейм зэрыгетар - ищІар фІэмащІэрэ нэхъыбэм хуэпабгъэу. ИщІамрэ хуэдэфІэкІамрэ езым фІэмащІэми, дэркІэ фІыгъуэ мылъытэщ абы кьыззринэкІа дэтхэнэ тхыгъэри. Апхуэдэ тхыгъэщ Алим и романхэр - ди лъэпкъым нужьрей илъэсищэм кьикІуа гъуэгуанэ хэлъым и тхыдэщ аэр.

КІыщокъуэ Алим и зы романи дунейм кьытехьакъым псалъэмакъ ирамыщІэкІауэ. Сыт хуэдиз дэуэгъу иІа, псалъэм папщІэ, «Хьуэпсэгъуэ нурым» - Алим и яп романым! Къэхъуами кьэхъунуми «щыгъуэзэхэм» тхакІуэр ягъэкъуэншауэ щытащ лъэпкъыр зэзыуштыжа революцэм «эліыфІыхьа» гуэрым пцІы трилъхьауэ ялыгъэри. Апхуэдэ псалъэмакъ иращэжьІщ «Мазэ ныкьуэ щхьуантІэми». «Пэжым темыплъэкъуКІ плъыркэр» кьэзыгъэчэпар «Нал кьутарщ» - щІэ ужьыхакъым а романым иращІэкІа псалъэмакъ мыфэмыщІыр, «гупкІэм ис» куэд ирауштауэ щытащ абы, еджакІэ емыджари ирагъэбэнащ. Абы кьыщІэзтенакъым, псалъэмакъым фІэкІри, «унафэ» тращІыхьащ романым. Апхуэдэ зэманщ КІыщокъуэ Алим и романхэр дунейм кьыщытехьар: лъэбакъуэ лей пчы щымыхъу, цІыхур и жьэм «хуэсакьынкІэ» хуейуэ щрахулІа зэманщ. «Гупсыси, псалъэ, зыплъыхьи, тІыс» псалъэжьым шэч хуащІ щыхьуа зэмант ар, упсэльэн и пэ умыгупсысэмэ, «утІысынри» зыхуэІуа щыІэтэкъым...

Алим и дэтхэнэ тхыгъэри гъэнщІащ гупсысэр зыгъэлажьэ, гущІэмрэ зэманымрэ я кууупІэр зи лъабжьэ псалъэмакъкІэ. Тхыдэр игъэбатэми, нобэрей дунейм и щыфэпІыфэр, и зэхэпныпэхэр, и унэтІыпІэхэр игъэнахэуми, КІыщокъуэм и кьалэмым щыхьуа и гущІэльапсэр кьызэрегъэдзэкІыфІ, абы и фэм дэкІымрэ и гум щыщІэмрэ ди пащхьэ кьрелъхьэф.

Алим и тхыгъэхэращ кьэбэрдей литературэм и цІэр кьэрал псом щызыгъэІуар - ар хэт дежкІи гурыІуэгъуэщ, нэрылъагъущ. Ди литературэр зи лъабжьэр куу, зи пщІэ лъагэ художественнэ хьугъуэфІыгъуэ хьуамэ, ар, псом яп эрауэ, зи фІыщІэр КІыщокъуэ Алимщ. Шэч хэлъкъым: мэзым зы жьыг закъуэ фІэкІ щІэмытамэ (ар сыт хуэдизкІэ абрагъуэми), абы мэзкІэ еджэнтэкъым. Алим ящыгуфІыкІ Іэпытащ ди литературэм кьыщІэтаджэ щІэблэхэр, лъэкІ кьигъэнакъым, ахэр иущиин, гъуэгу захуэ тригъэувэн щхьэкІэ. Ди литературэм нобэ щылажьэ дэтхэнэри кьыщІэтэджащ щу пашэм и щапхъэм.

Щапхъэ хьун машІэ кьызэринэкІакъым КІыщокъуэ Алим. Кьалэмыр нобэ зыгъабзэ дэтхэнэми и кьалэнщ ди литературэм лъэбакъуэщІэ иригъэчыныр. Алим щэбгъэм кьахуигъэна уэсятщ ар - щу пашэм и гъэгум зэрыпащэн гущІэр зэрІэжьр зыбгъэлъырщ, абы щэжьурщ КІыщокъуэм и щапхъэм, и фэпІым хуэфащэ щІэблэр. Ди лъэпкъ щэнхабзэм и пщІэр лъагэ зэрыхьурыщ тхакІуэ щІэщІащІыхьэж тхьэпэльэІуэ. Тхакіуэщхуэщ, тхакІуэ нэсщ Алим. ПэжымкІэ пщІым и нэр изыщІыфу псэуа тхакІуэщ, зи напэм зэи емыпщІыжа ЦІыхуэщ. Абы и гъащІэр, и тхыгъэхэр, и дуней тетыкІэр зэыдэплъеинкъэ, Іущ узэрыхъункъэ, дерс кьызыхэпхынкъэ! Мыри си фІэщ мэхъу: уахътынпщ КІыщокъуэ Алим. Абы и тхыгъэ нэхъыфІэхэр лІэщІыгъуэ куэдкІэ псэунущ, дэтхэнэ щІэблэми акъыл кьыхихыу.

МЭШБащІЭ Исхьэкъ,
Адыгеим, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я щІыхуб тхакІуэ. Мейкъуапэ къалэ.

Тхьэр зыхуэупса

Ныбжьэгъугъэм гъунапкъи ныбжьи иІэкъым. Алим сэрэ ныбжьэгъу дыщызэхуэхьуар сщІэжыркъым. Куэд щІащ абы лъандэрэ, си гугъэмкІэ, Хэку зауэщхуэм и зэманырщ, тІури дыхэтащ абы и мафІэлыгъэм. СощІэж Алим илъэс щэ ныкъуэ щрикъуа махуэри. СщІэжыркъым сэ ильэс щэ ныкъуэ сыщрикъуа махуэр. Ауэ нахъыщхьэр фІыуэ сощІэж: Алим сэрэ зы махуэм дыкъалъхъащ - бадзэуэгъуэ мазэм и 22-м. А махуэм кьыщежьагъэнщ дэ тІум дяку дэлъа ныбжьэгъугъэмрэ къуэшыгъэмрэ.

УСАКІУЭ хъун хуейуэ кьалъхъат Алим. ТхакІуэ хъун хуейуэ кьалъхъат Алим. АбыкІэ кьыхуэупсащ Тхьэр. Алим и усэ куэд гукІэ сощІэ сэ: зэ уеджамэ, ахэр пщыгъуэпщэжынукъым, апхуэдизкІэ зыхыбощІэри. ЦІэрыІуэ дыдэ хъущ Алим и романхэри - «Хьуэпсагъуэ нурыр», «Мазэ ныкъуэ щхьуантІэр», «Нал кьутар»...

Шэч хэлъкъым: и насыпщ апхуэдэ кьалаэм гуащІафІэ зыІэщІэлъ тхакІуэм. КІыщокъуэм и кьалэмыпэм кьыщІэкІа дэтхэнэ тхыгъэми щызыхьибощІэ абы хэлъ лІыгъэмрэ щІыхугъэри кьыдалъагъэм - а лІыгъэри щІыхугъэри кьыдалъагъ Алим, и пІым, и псэм хэлъщ. Алим зыщІыху псори щыхьэт текъуэфынущ си псалъэм - апхуэдэ щІыхугъэкІэ Тхьэр куэдым яхуэупсэркъым. КІыщокъуэм кьыхуэупсащ.

БАРУЗДИН Сергей,
тхакІуэ. Москва къалэ. 1989 гъэ.

УЭСЯТ

КІыщокъуэ Алим и тхыгъэщІэ кьыдэкІам щогуфыкІ усакІуэм и анэ Іуэз. *Сурэтыр 1964 гъэм трахащ.*

Пщэдей зауэм щІедзэ. КІыщокъуэхэ Рашидрэ Алимрэ, Рашид и кущІым ис сабийр Алим ипхъу Танящ. *1941 гъэ*

Налшык Дунейпсо Адыгэ Хасэм и яп Конгрессыр щокІуэкІ. Абы щызэхуэзащ Щэрбий Юрэ, КІыщокъуэ Алим, Бочыжь Лейтэ, Мамхэгъ Михаил, Джарым Асльан сымэ. *1991 гъэ, накъыгъэм и 20*

Кхъужьей жыгыжь

ТІощІ гъэхэм я блэкІа жыжьэр си нэгу кьыщІохьажк. Сэ ящыри сыщІыкІущ. Зэм щыкІэ, зэм машинэкІэ зы щыпІэм дикІрэ адрейм дыІэпхъуэу (си адэм и гъжьыгъэр апхуэдэт) Кавказ щІынальэм и бгылъэ гъуэгуэгъэр щІыдощыкІ...

ЗЭМ ТЕБЭРДЫКІЭ кьыщыкьгъуэ дыгъуэжьхэм сыкъагъэуш, зэми Іуащхьэмахуэ лъапэ дыгъэ кьыщІэкІым дыщыІуощІэ, махуэм нарзан псынэхэм зыщыдогъэпскІ, бгы джабэхэм зэ кьыщыпыдоч, итІанэ, аргуэрыжьу, уафэмрэ щІылъэмрэ щыізэтехьэжьр мэщнауэ, бгыхэри мэщэнауэ - сэ уанэгум сисщ, си щыбагъымкІэ быдэу саубыдауэ Іэ лъэщхэм сабыгущ, щІакІуэм кьыхих мэ гуакІуэмрэ удзыщІэхэм я мэ Іэфыпмрэ кьысщІехьэ, абыхэм зэ ззэмызэ сырымэ гуэрхэри кьахоззрыхь - ар зыщІыпІэ мафІэ щызэщІагъэстащи, мафІм и гъусэу пшагъэри ес - пщыхьэщхьэхуеГъоззкІщ... ИкІи, жеІм сыздыхилъафэм, си щхьэм щызэблокІ псалъэ гъэщІэгъэнхэу щхьугъэ гуэрхэр зыхэльхэр: «Микоян-Щыхьэр, Владикавказ, Красная Поляна...»

КІыщокъуэ Алим и «Кхъужьыфэ» романыр зытепсэлъыхьыр, сыщамылъхуами, си сабингъуэ пасэр щызгъэкІуа, природэ лъэщым гукъэкІыж Іэджэ сабинтуэм кьыщирна, и дахагъэм и Іэпілэ лъэщхэр кьыщІысхуэзІуиха щІынальэм зэрыщІекІуэкІар арагъэнщ а тхыгъэм гулъытэ лей хэсщІу сыкъыщІеджар.

КІыщокъуэм и лъэпкъым и псэукІэм, хабзэхэм фІы дыдэу хещІыкІ. Абы зыхещІэ лъэпкъым и гурыщІэ псори, и гуауи и гуфІэгъуэ. Ар нэ жанщ икІи набдзэгубдзап лъэщ, ТхакІуэм фІэфІщ и лъэпкъ кьафэхэм, фащэхэм, унагъуэм щыізэрахьэ хьэпщыпхэм тетхьыхьну. ИкІи, зыми хуэмыдэжу, щыхэм...

АлеНуэ уэрэдым жиІэркъым адыгэлІым и жейри уанэгум щрихьу. ИкІи мы зи гугъу сщІа псорИ этнографие гъущІу аракъым, абыхэм я кьуагъ кьыкьуэтыщ лъэпкъ псом и псэукІэр, и дуней тетыкІэр, а лъэпкъым кьэрал гупльитэу зыхуэдэр зыкьуэзыгурыІуэр.

«...Кхъужьей жыгыжь... Жыгыжь Іэплакіэ. Тетщ Іуащхьэм мажсий диным и зэман лъандэрэ. Абы зэгуэрым ди адэщхуэхэм я адэжхэм щхьэщэ хуащу щытащ. ЗиубгъащІ абы лІэщІыгъуэ бжьыгъэкІэрэ, кьудамэбэ хъуащ; жыжьаплъэу укъапльэмэ, жыг зыбжанэ зэхэувэу жыг пщыІэ щхьэнтІэ яща хуэдэу кьыпфІощІ... Пасэрей хабзэхэм зэрыжаІэу щытамкІэ, кхъужьей щІагъыр тхьэ елъэІупІэщ. Дин махуэщхуэм деж мыбы вы, бжэн, мэл кьажурти, гъущІ гъэпльакІэ я натІэр кьрагъэсыкІырт, а ІэщІыр тхьэм зэрыхуаукІым и дамыгъэу; Іэщ яукІахэм я щхьэхэр жыг кьудамэхэм фІадзэрт, сабийхэр ягъэшынэу».

«Кхъужьей жыгыжь... романым хэт КъантІасэ ипхъу щыкІур щыщІалъхьэж тхьэпэІупІэ жыг щІать. А хьыджэбз щыкІур шыгъу кьэп кьихьу кьыздэкІуажьм, зэхэуэм хэхуэрэ кьауКІащ. КІуэ пэтми нэхьыбэ мэхъу кхъужьей жыгыжьым и щІагъым щІэт кхъэхэр. «Зи щхьэкІэхэр фІэхъус пэльытэу щыхуэмэ кьахуэзышІ кхъужьей жыгыжьымкІэ гупым нунэгІащ. Хьуэ щІэзыдза кхъужьхэм я дыжьыныбэ зэщІэльыдэм жыг тхъэмпхэм я щхъуантІагъэр хэшыпсыхьыжырт... Тхьэ жыг щІагъым мамыру щрІекІ. Іущ кьыдэхэр...»

А жыгым и тхьэмпэхэр иджыри кьэдрэ Іущэщэнущ, абы иджыри кьэдрэ кхъужь кьыпыкІэнущ, абы и щІагъыр уэшхым зыщІахьэмэн щхьэкІэ щІыхуэм етъэзыпІэ зэсынущ, дэтхэнэ щІэблэми акъыл кьыхихыу.

МЭШБащІЭ Исхьэкъ,
Адыгеим, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я щІыхуб тхакІуэ. Мейкъуапэ къалэ.

И напэм зэи епцІыжакъым

Псалъэ гуапэхэр, гурыщІэ Іэджэр, хъуэхъу дахэхэр гъунэжщ. ТхылъымпІэм ирижэну хьэзыр хъуа къаэлэмыр сІыгъщ зыІэщІэзмыгъэкІыу, тхэну сфІальэпІастхъэу. Си псэм къепщІа гуапагъэ Іэджэм сахощыпыхьыжу гукІэ. Нэхъ псалъэ хъарзынэ дыдэхэр кьыхэсхыурэ, уда Іэрамэу зэхэсльхьэну сыхэтщ. АбыкІэ сыхуэупсэнут Алим, ди адыгэ тхакІуэщхуэм, ди гъуазэм, ауэ, бетэмал, си гухэль псори кьрисІуэтэну згъуэтырыкъым сызыхуей псалъэкІэ.

СЩЫСЩ, къалэмыр сфІэльэпІастхъэу. Сыдоплъ щхьэгъубжэм. Дунейр нэщхъыфІэщ. Жыгхэр кьакъутэ пхъэщхьэмыщхьэм - Алим и Іэдакъэщ Іэкі Іэхэм хуэдэу ахэр берычат нэщэнэщ. ЖьакІэху хьэжауэ, кьурщхэр дыгъэм полыд, кьыпыгуФІыкІЭхэ щІопщохьу. Алим изогъэщхь абыхэм я нэхъ лъагэр, я нэхъ уардэр, я нэхъ бжьыфІэр. Ди Іуэщхьэмахуэщ КІыщокъуэм и фэр куэд щІауэ зэсплъэр. Апхуэдэу уардэу, бжьыфІэу Алим кьахотэджькІ ди бгырыс тхакІуэхэм. Абы и усыгъэхэр налкъут щыгъэу щІыпщІэ адыгэ поэзием. Алим и романхэм кьахотэджькІ зэи уигу имыхуж образхэр - щІыху зэхуэмыдэ Іэджэм я хьэл-щэнхэр, я дуней еплъыкІэхэр, я псэукІэр кьызыщыгъэлъэгъуахэр.

КІыщокъуэм и романхэр революцэмрэ абы и ужькІэ екІуэкІа гъащІэмрэ я гъуджэшхуэщ. Мыкъуэжьи икІи темыкІыжьи гъуджэщи, кьэхъуну щІэблэхэр абы иплъэмэ, илъэс блыщІым ди щІыхухэм я псэукІар щалъагъунущ. Яльагъу хъуджеикІэ кьэмынэу икІи игъэгулэзынущ... Зыщ щІитъэгулэзинури: иджыпсту екъуэ нэгъуэщІхэм сэтей къащІыж пэж шынагъуэр, япэм яхужымыІар е жаІэну зрамыкуар - псори щыщынэ зэманым Алим пэжыр жиІэфырт. Абы текІуэдэжи пэтащ. ЗыгъэкІуэдыну хэта жагъуэгъэхэми ящыщ куэд псэущ, пщІы супсэ, эдэнкъым.

Сэ къызэлъытэ: зэманым декІуракъым, зэманыр зыхуэдэр наІуэ къэзыщІыфыращ тхакІуэр. ТхакІуэщхуэщ, тхакІуэ нэсщ Алим. ПэжымкІэ пщІым и нэр изыщІыфу псэуа тхакІуэщ, зи напэм зэи емыпщІыжа ЦІыхуэщ. Абы и гъащІэр, и тхыгъэхэр, и дуней тетыкІэр зэыдэплъеинкъэ, Іущ узэрыхъункъэ, дерс кьызыхэпхынкъэ! Мыри си фІэщ мэхъу: уахътынпщ КІыщокъуэ Алим. Абы и тхыгъэ нэхъыфІэхэр лІэщІыгъуэ куэдкІэ псэунущ, дэтхэнэ щІэблэми акъыл кьыхихыу.

МЭШБащІЭ Исхьэкъ,
Адыгеим, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я щІыхуб тхакІуэ. Мейкъуапэ къалэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Иджы КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къыщыщIедэхэр

● Зауэ

Зы щытыкIэ пыухыкIар зыхуэдэр зэбгъэщIэн папщIэ хьыбар куэд зэпэщIэчын хуей яэхъу. «Ижьаджмий» «сэмэгуэхэмэ» я Iуэху епIыкIэхуэр зэбгъэпщэ нужь ныбгуроIуэ пэжыр абыхъэ я зэхуэдитым зэрыщыIэр. Арщхьэкlэ льэныкъуитIым я зэныкъэжьым зыри зыпэмыплъа ещанэрэ къыхьыхьыхьи кьохьу. Абы и щапхъэ къыпхьыфынущ Урысейм и щыхуэхэр Сирием щекIуэкI зауэм зэрыхэтым епха Iуэхур.

АБы ТЕУХУАУЭ нэхъапэм жаIэхэр зэщхьэщыкIыпI. Урысейм и щыхуэхэр я къералым оппозицэм и тельхьэу зэрыщызауэр бедджжыльы кьэхъуащ зэгуэр цIэрыIуэу щыта шэшэн губгъуэрыс командир Гелаев Руслан и кьуэ Рустам Сирием зэрыщащхIам техуэуа хьыбарыр кьэУа иужь. А зэманым мыпхуэдэу жаIат: Кавказым и щыхуэхэр Сирием кьыщыхьуа зэпэщIэувэныгъэм хэткьым, абы техуэуауэ хьыбарыр ирихьащIагъ.

Арщхьэкlэ, зэман машIэ дэкIри, ди хэкуэгъуэхэр а зауэм и курыкупсэм зэхэзыхьтым щыхьэт техьуэхэр нэхъыблэу хьууэ хуежьащ. КъыпхуэмащIэу «зыкъэзыIэтахэм» зэбграгъэх видеоехэм щыхэхэтхъуащ зыгъасIэу. Унэхэм лэчкIэ е льыкIэ тратха ряпс псальэхэр плъагъурт.

Псори наIуэ хьуащ ФСБ-м и унафэщI Бортников Александр Урысейм икIа щэхьаджасIэхэр 200-м нэблагъэ Сирием щызауэу жиIа иужь.

Инджылызым щылэу УФ-м и Президент Путин Владимир щыхьэт техьуащ оппозицэм кьыдэщIыну Сирием ди хэкуэгъу 600-м нэблагъэ зэрыкIуам.

Абы щыгуэмэи, зым и жьауи щэмыт IэщlагъэлIэхэм кьалытэ «Кавказ Iуащхьэрэмрэ Поволжьемрэ икIа щыхуэхэр Сирием щызэуэхэм я бжыгъэр 800-м нэхъри мынэхъ машIэу. НэгъуэщI Iуэху епIыкIи щыIэщ: мусыльмэнхэм «Эвакуацилэгъуныгъэ» зыфIаща фондым щыщхэм я зэхъыбар Дагъыстэным икIуэу щыIу 200, Шэшэным - 480-рэ Сирием щызауэу.

А бжыгъэхэм я пэжагъыр зэхагъэщIыкIыну УФ-м и щэхэрылажьэ Iуэхуащ: «Iуащхьэ дежкIи гугъу хьунущ: «джихадым» кIуэ щыIхуэхэм зыщыIпIи зышагъэтхъыркъым, езыхэмэ хэIущIыну замышIэ, нэхъ кьащтэ. Уеблэмэ «моджахедэ» хьунухэм я адэ-анэхэм я кIуэхэр сирие фронтым кьыхэзэрыщыхуэтар кьыщащIэр зыкьом дэкIа нужь.

ЖьытIа псоми ящыщу шэч кьызыIутмыкъэнур зыщи: ди кьэралым щыщ мусыльмэнхэр Сириием и президент Асад Башар и кьаруэ-гъашIэу къырмигъэIэзэ. Ельхьэт игъакIуэри дохутырыщхэу кьыхэрыгъашIэ. Нашлык кьалэ игъакIуэри хущхьуэ гъэзетыгъуейм: «Сирием кьыхэригъэтащ. Арщхьэкlэ псэ узым и хущхъуэр хэт зыщIэр?

Зы пщыхьэщхьэ гурым Инал Iтэкlу щхьэнрыдзэр зыгуэр кьеджа хуэдэ кьызэщIоуж. И щхьэр кьиIэтмэ - Тасетэ и нитIыр кьытеубыдауэ кьоIпIэ.

- Iау, сыту фIыт укъызэрыпIъэжар, лIэун, унэхьыфIкъ, тхъэм жиIэмэ? - Инал мэгуфIащэри и нэпсхэр кьыфIощIокI, ар зэрилъэщIа и Iэмкlэ Тасетэ и натIэм Iэ дедIэ.

Тасетэ, хэпщIыкI кьудейуэ, и Iупэр егъэхьэри кьыхуогуфIэж, итIанэ:

- А, лIы, укъэзгъэуша сфIощ, кьыхсухэгъагъу! - жи.

- ЖьыпIэр сыт, лIэун! Сэ уэ кьыхсухэщIамрэ уи гуэныкъуитIым, илъэсищ-кIэ...

- А, лIы, сэ кьэдрэ сыпсэлъэну хъункъым, - жи Тасетэ, ерагъкIэ кьыдриншейуэрэ. - Сэ иджкьпсту си Тхьэм и пащхьэм сихьэжьнуIэ, сыкуейкьым... - Тасетэ и нэхэр зэтрепIэжри мамырыбзэ мэхъу, Инал ди лаи и гугъуэ щеIэбкIэ, абы, аргуэру и нэхъ щыIэкъым: «Сирие дэ щхьэ-зыри жимыIэу зыкъомрэ кьопIъ: - ПхузоГъэгъу, - жи, - си гуэныхьу птелъыр. Алыхьым кьыпхуигъэгъунри сопсыIу? Уэрэ уи гуэныхьу стельыр кьыхсуэгъэгъу!..

- ПхузоГъэгъу! - жи Инал, и нэпсхэм кьызэпахьыхьауэ. - Сыпхуэзарэзыщ, жэнэтыкIэ Тхьэм пхуищI... Папэ хуэжькIэ Тхьэм дыззхуигъэзэж!..

Тасетэ и нэхэр зэтрепIэжри аргуэру мамырыбзэ мэхъуж, итIанэ, зыгуэрым кьыхсуэгъэ: «Iэхьей, и гъэ-кьоупIэрапIэри зиплтыкъу, зыгуэр кьыпхьхьэу щIедзэ: хьэкум щыIкIэ бГъэдэту кьапIъэ Iуэху е кьыпхьэ итIанэ, кьаотуэрыI. Дыгъэ кьыбГъэдохьэ.

- Уэри сыпхуэзарэзыщI - жи. - Си кьуитIыр псапэу Тхьэм кьуитыж. Зыхуей хуэдэу сыпхуэзарэзыщI, Тасе!..

Си анэ сыкьэзыIутхуам зыхуэдэу сыпхуэзарэзыщI, Тасе!..

ТАСУТIЭ, Тасетэ, уэ уи даУэдапщэр зэрIэкIыхуу Инал зыгуэруэр зишыIащ, ауэ ар зэрIэкIри щыхур щыIэбгрыкIыжьащ, ар зэрIэкIри щыхур щыIэбгрыкIыжьащ, гражданн зауэм зыхьыжьэкIыжьащ куэдкIэ нэхъ гугъущ. Уэрыел ваххабит куэдым я хьэдэхэр хамэ щIыналъэм кьинащ. Щхьэж жьыпIэхьэ ящ.

ХАЛИДОВ Висхан.



НАЛО Заур

Новеллэ

ТIуанэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр №№139 - 140-хэм итщ).

Инал мэпщIантIэ, фызым къыжриIэмрэ езым и псэмрэ хуэзмыгъэзэрэ: фызым уи Iумпlэ кбгъэуфыдри хьэфизу къуршым ущызэкIуэри - тIури зыщ.

Ауэ пщIыр хьэрэмкъэ! - мыпхуэдэ Iуэхуэ кIэ къыпхутемыгъэхъэн щIыхуэзу щыIэкъым, Инали и Iэнкъуигъэр пкърыкIыжри итIанэ къыгурыIуащ и фызыр зэрызэхуэр, къыгурымыIуапэми, и псэр Тасетэ и псалъээм ма-мыр кьащIыжати, щIыхуб дэгъуэ, щIыхуб щIэщыгъуэ и нэгу кьыщIэуэри зэрыгъэ-ри, хуэм-хуэмурэ кьытехьащ, жьIэщIэ хъури фызыр зыхуеймкIэ ищащ. Ар иджы кьиIтьыжьрэтэкъым, атIэ укIытэ нэпцIыпIуэу зэрыгъэ-ри Тасутэ и псалъэ щабэхэм фIэIэфIу едаIуэрт, арыхъэу-ри, езыр хуэмейуэ кьытрагъэхьа нэхьеI, зигъэнэщ-хьенжщ абИ, хьэщIу псалъэр кьызыкьэдгитъэщащ. ТIасутIэ а псалъэр къэзэуаткIэ кьыжьэдитъха пэтми, зэрызэхихыу и жагъуащэ хъури и гур кьеХуэхащ. Ауэ гуи жиIэм едэIуэри идакьым абы, -аууей, цIыхъухьыращ IэфIыр, хущхьуэр сыт щыгъуи дыщIщ», - жиIэри, тэджщ абИ, ихьэгъубжащ. хьэм теть кьурIэныщIхуэр кьщIэтри, и лIым и пащхьэ кьнуващ. Инал зэрыщIысым хуэдэу ТIасутIэ елъэгъкIэ жьпIэнт.

Инал кьыхуащIи кьурIэныр щтэIэщтаблтэу кьыIех. Ар зэрыщIыкIу пьандэрэ щошынэ мы тхьылъ кьыгурымыIуэм, абы и тхьэмпэ гъуэжьхъэм, а тхьэмпэ пъуэжьхъэм тетащ фIыщIапэ зэрыпхъэхэм. Инал Iэмал зэрIэкIэ кIыпикIухьыпрт Алыхьым и пащхьэм кьыкIа тхьыть ябгэм - пщIэнкъым апхуэдизэ зэрыхъэр зэрызищIынкIэ хъунур, жиIэри емыуСэм нэхъ кьищтэрт. Ауэ ТIасутIэ ар тхьыть захуэу, леймыгъгъуу, угъурлыуэ кьеслыгъэри фIыуэ елъагъу, икIи, кьыкIыр кьыгурымыIуащ пэтми, хущIыхьэгъуэ игъуэтыхукIэ, тхьэмпэ гъуэжьхъэр хуэсакъыпIэу кьызэгъэтрихуэрэ фIыщIагъэ лъапIэм йоджэ.

- Мы фIыщIагъэ лъапIэр пIыгъыу тхьэ кьыхсухэIуэ, - жи ТIасутIэ, - сэри укъызэнышэкIыну, абыи уемыкьуэнщэкIыну: кьыпхуэсща нэужь, мазэ дэкIыху, абы дежи ущIэтьынщ, нобэ мазэ ирикъуакъэ иджы щыжьапIэм деж - зы жэщыр сысеищ, кьыкIэлъыкIуэ жэщыр абы и кьэлэщIэ АбыкIэ уарэзыпмэ, тхьэ Iуэ хьэрэ-мыгъэ умышхыну!

Инал Iейуэ и жагъуэт тхьэ нIуэн: кьэхъыпуэ зыщIэр Алыхьыращ, абы дауэ тхьэ зэрыгтепIуэнур! Нобэ упсэумэ, пщэдей зэрыхьэнур пщIэрхъэм, япэм Хьуэхъужьхъэ уащытхъуэнэ - уIыбфIт, иджы Хьуэхъужьхъэ уубмэ, уIыбфIу къыщIедзыжьI... Инал - сыт ищIынт? - Инал мо къурIэныщIхуэр ІитIкIэ нIыгъыу, хуэсакъыпрэ, кьеIэтри:

- Мы Алыхьым и фIыщIагъэ лъапIэмкIэ тхьэ пхузоIуэ! - жи.

- Иджы абы ищIыIужкIэ: сэ сынэхъыжьщи, абы и ныбжькъым емыльытауэ, сэ жесIэр и унафэщI

- Уэлэхьи зэхъэжьи, захуэкIэ ари!

- АтIэ, захуэу щыIэтэ, нэху дыкьыхэзэрейуу яужь ихьэI!

- Хэт зяужь сибГъэхьэнур? Уэ зыгъэр уиIэ?

- Сэ сщIэрэ! Лъыхъуэ, щIэупщIэ. Уи кьуэщIхэм зыгуэр кьыпхуущIаIуэкIынщ. Сыт щхьэкIэ, Дыгъэ-щэ? Дыгъэ сыт и лажьэ?

Тасутlэ имыщIэхъуэ и гур кьридзэри кьыжьэдэлъэтауэ арат а щIэр, ауэ кьытригъэзэжу егупсысыжьащ: нэужьы игъэкъабыляащ абы а фызаб-гъ нэ кьуэлэныр тIуанэу кьищэну: хъурытхъуэщ, кьиIлъэри езым хуэдэу дыгъэ бынщ - дахэм дахэ кьысIэлъэ Iейм Iей кьелъуэ, тхъэ. Си хьыджэбзитIым дэлъху дахэщхуэр кьащхъэщытмэ, армырай фIы жьхуаIэжьыр. Дэлъху яIэмэ, бзаджэнаджэ кьатегъуэгъуэнкъым... Сызижагъуэнм дыщ имыIэу къэунэI.. Дыгъэ езыр лэжьакIэщхъуэщ, узынпэщ - зэIэр кьыгунуду апхуэдизкIэ рэкIащ, «Хьэтыр Азалыхьым иIэмэ, си бынищыр сывгъэпIыжьI! - жиIа щхьэкIэ, кьеIэсэлъэн игъуэтакъым. ПчыхьэкIэ нэмысыфIэщ, щIыхуэ кьаэзэрыхьэкIар Iыхьэ-гъущ. Азалыхь, псыхъэ гъуэгу ущыхуэзамэ, дидзыхынщи гъуэгу кьыунтынмэ! И пэгунтIым изу уIущIамэ, псыр кьуитынщ, ди кьэзэкIынмэI.. Алыхь, псалъитI я щхьэ зэтримычI.. Хьэ, абы нэхъ хьун сэ сымыщIэ!..

Арат ПасутIэ жиIэр. Ауэ ар зэрыжиIэр акъыл гъущэкIэт; и псэм едаIуэмэ, и псэм жиIэр нэгъуэщIт: уэ кьодэхэкIын къыхуумышэ, фызэ тхьэмыщкIэ, ущIегъуэжьын мыгъуэщ! - жиIэурэ кьеIуащэ. Ар, и псэм и щIэр, езым имыщIэжу, Iащхьэ ильа хуитт игуми, хуей-хуэмейми, кьыфIицIэфатщи - сыт епщIэжьын иджы? - Iуэхуэр зыгуэркIэ зэбIуэжьын хьуамэ, ПасутIэ нэхъ инатыжу япэщIыхьэнчэ и кIэм нагрегъэтъсынут - апхуэдэт ПасутIэ и хьэлыр! Арати, ПасутIэ и псэмрэ и щхьэмрэ зэрызэгурымыIуэм тетурэ, гъэмахуэр ящIри, гъэмахуэр кьрахьэлIэжащ: бэхъхьащ-хьэм тельхьэ кьэбжэм жэп кьатехэу гуэным щрагъэхьэжьым, Инал и фызышэ етIуанэрэ доKI.

ПщIантIэм мэл щыфIагъ-гъэж, вышIу щауKI, ПасутIэ и гъэгунлеIм кьыщIих дагъэ жьорыIэм хьэблэр егъэпамэ. Благъэмрэ гъунэгъумрэ зэбгловж. ПасутIэ и гур кьоIуэт; сыт кьимыщтамэ Iэпоуэ. Щымыхьэжьым, нэхъ теунщ жаIэри, жьэпхьалъэм бгъэдагъэувэ лэкъум игъэжьэну, ауэ лэкъум игъажьэ и нЫкъуэр фIыщIэщ, и нЫкъуэр хужьщ...

- А ПасэмыгуэрI, тIэкIу зыIэтеIэфIэ! - жи Дисэ. - Мы уи лIыгъэшхуэм хуэфэщэну щыт!..

ПасутIэ кьоплпхьэрИ и нысэгъу нэхъыжьыкIэ кьыхуэгуфIэну хуожьэ:

- Ауи кьысфIэIуэхукъым, Дисэ, умыгуэвэуэ! - жи, ауэ абы и Iупэ тIэр гуфIэм нэхъ-рэ гъыи кэдэкIэ нэхъ ещхьт.

Дисэ и нысэгъум Iэ дильэу зэтрнуIэфэн и гугъа щхьэкIэ, а дакьикъым зыгуэр кIинуэ кьыщIоIьадэ:

- Уэнихь, фызышэр кьэсыжащ! Фызышэр кьыдохьэж! - жеIэри.

ПасутIэ кьоскIэ... ищIэр имышIэжу, Iэ пцIанэкIэ дагъэ пльам хопхъуэри, фIыщIабзэу иса лэкъумыр кьыхепхъуэтыж, ауэ а напIэзыпIэм и кIэр щоуикIыфIыкIри кьыхзэфIощахэ...

Инал кьрата мазэ пIалъэр икIа нэужь, и гур ПасутIэ и лэгъунэм хуIцIэмыхьэж мэхъу. Ауэ, итIанэ, тхьэ Iуа итэтIи, абы ебжьауэ хъуртэ-кьым: сенэм кьыщIыхьэжа нэужь, и псэр пэш ищхъэ-рэмкIэ еIэ щхьэкIэ, езым пэш ипщэмкIэ игъаэртри гухьащIэж имыIэу щыхьэрт. ПасутIэ абы гу лъымыгъэ кьэнэнт - льитащ, льита щхьэкIэ «нысащIэм гу щихуакъыми араш, гу щихуэмэ, тэмэм хъуьмыщ» - жиIэурэ игу егъэфI, апщIондэхуKIи и лIыр нэхъ щIыIэ кьыхъэхуэ фIэкIа зихьэжьыртэкъым.

Апхуэдэурэ здекIуэжьи, Инал гувауэ кьоокIуэжри, ПасутIэ и чэзу щхьэкIэ, ищ хъэрэбжэр Iуех. Арыхъхэун псалъэмакъ кьоIу...

- Хьэуэ, - жи, - хьэуэ, - жи, - Алыхьым жимыIэкIэ...

- ... Тебэзгъэкъэ зэ, зи унэр бэгъуэн! Ар жежкащ...

- Хьэуэ, - жи, - сэ и пащхьэм сыщыкIэуэнщэну сыхуейкъым - гъаэ?!..

- Умыдет, лIэун, уэ уи кIэнэр кьыкIауэ аращ...

- Сэ сыхуейкъым апхуэдэ кIэнI.. Гъаэ зи чэзум дежи, апхуэдэ щIыхубэкъым зи жагъуэ ящIыр!

Псалъэмакъыр зэрызеIальэфэ макъ мэхъужри, ищхъэрэжьэр ирадзыIэжи, Инали и кIэныр кьыщIимыкIым - сыт ищIэнт? - ящIэ iэпIуэ-кIэ кьеIэзэхэ, арщхьэкIэ ПасутIэмэ зигъэгъусэу кьыщIокIри, зыбгъэдигъэхьэрэкъым.

А жэщым и уажькIэ Инал ипсалъэ зилъхьэнэм и бжэр нэхъыбрэр Iунхьыну хуежьэ мэхъу икIи, Дыгъэ куэдрэ кьыхуимыдэу кьыпэщIэта щхьэкIэ, щIыхуэр зыпэмыльэщ кьару щыIэу кьыщIокIри, зы жэщ гуэрым Инали ТокIуэ. Арати, Инали йоуаэ, Дыгъэри абы йосэжри, ПасутIэр Iей мэхъу. Куэдрэ ишэчан ар абы кьыфIэмыIэхуу фэ зыгрИгаъуэрэр, арщхьэкIэ махуэ гуэрым кьыщиудри и лIым ехъурджэхуэ:

- А джаур-джаур, тхьэ кьысхъуIэрри кьысхъэбгъэщIыжащ. Кьыпхунгъэгъуну пIэр ар уэ Алыхьым!

Инал и пащIэкIэ гъэкIэрэхъуам щIэгуфIыкI хуэдэ ещIри щокI. Дыгъэ дэнэ кIуэнт - шынауэ зепIыгI-зехъэри кьажм бгъэдэту, и тIуанэм шхын кьыхурильъхьэну кьыщта тепщчыр здихьын имыщIэу... Фыз уэндэгъушхуэм и фэр шэхуэ хуэдэу пыкIащ... Иджыпсту ПасэзыкIыжьэрэ хуэфащэр кьыжриIэнур абы, езым сыт пидзыкьифы!..

ПасутIэ зыкьыгъэзэри, ар щIыпащIэкIэ:

- Уэ умышIэжу, Дыгъэ, ар инатмэ, уэ сыт уи лажьэ! - жи. - Уэ мыбы пъэщIагъэкIэ укъэкIуа, сэ укъэзгъэшIауэ аращ...

Мопхуэдизэ зи псэр дзапэкIэ зыIыгъа Дыгъэ кьыщеуд абдежми, зэщыджэу магъ, и ныбэ уэндэгъушхуэр сысу, и нэпс кьъежьхьэр хуэмыльэщIыжу...

- Ари сыт хабзэу къэбубла иджы! - хуIэпIь хуэдэ зещI ПасутIэ, арщхьэкIэ мо хьуцIэ-шхыдэу емыса щIыхуэбзыр щабэ кьоохьуж, бгъэдэхьэри и тIуанэм Iэ дельэ. - Умыгъ, дакъэ, умыгъ! Уэ щIалэ кьэпIлъхуну аращ мыбы укъыщIашари, быдзу тхьэ елъэIу: щIалэ кьыумыльэмрэ, уэрэ щIэхъуащ, сэри сыкьэсэхьыжащ! Умыгъ, ар уи ныбэ илъым дежкIэ зэрыщIэж.

ДЫГЪЭ гуэвэрэ шынэу и щIыхуэм щыIэ щыIэ щыхэхьэсэ кьомыр нэпскIэ кьинтыжьащ хуейуэ кьыппэщIыльти, зиудыдыжьыфIэтхъым: дыджым пэпIъэу Iэфым кьинтэщIыта щIыхуэм и нэпсыр псыдзэу кьоу. ЦIыхубзитIыр етIысэхэщ абдежи, ПасутIэ нэмэз щIыгъэ игъажэу нэмэзлыкъым тесу, Дыгъэ кьащIыкъащIэхэм Iэ дильэу щэнт щIыкIум тесу зэпсэльащ - Iейкlи фIыкIи я гум ильэ зэщамгъэпэщкIуу. Яыир дедлэу зэрыхьэлIэмэ, зэрыгъэхьэжьынт, ауэ мы тIум Iуэзу кьагъэтри зэгуэрыIат.

Сэ а щIыхубзитIыр фIыуэ зэрыльэгъуащ вжесIэнкъым, вжесIэпэми, фи фIэщ кьункъым. А тIур фIыуэ зэрыльагъэр хуеIуэ зыми кьэпнубыдыртэкъым - зэтIэгнитI зэрымыкIыну зэдэпсэумэ, щыгъуэ кьахъ, ауэ сэ сызыщIыгъэзэращи, ПасутIэрэ Дыгъэрэ илъэс пщыкIухькIэ зы унэ здэщыщIэсат зы лIым и фызхэуи, яку кьайIэ кьимыкIуэда дэнэ кьэна, Алыхьым и ней кьыпщIыхуэ жиIэу зыр адрейм ещакьым - нэхъжьажьым и унафэм нэхъыщIэр едаIуэу зэгурыIуэфащ. ПасутIэ хъурджажэми, зэхъурджажэр и щхьэгъусэ щхьэгъусэ зэрратри, абы:

- Куэдщ, куэдщ иджы! Уэ жьы зыщIуэри, фызыжьхъэм апхуэдэ жаIэрэ? - жиIэри зыщIигрИзэхырт.

ПасутIэ махуэм зыгуэрурэ зытригъэхурт, жьщIыр хуэ-мэ, и бамПIащхуэмрэ езымрэ iэгъунэ нэщIыжьым кьызыдыщIэжьыртри, нэху щыхуэ жьыхуаIэм хуэдэу кьугъыурэ и щхьэр игъенжу, и щхьэгъусэм ебгъу хэльт. Уи пхъугъэу-ри пIэгъэрэр уи зы щхьэц нагъэ мытхъуауэ, зыгуэрым нэхъри умынэхъ кIейуэ, уфIэрафIэ нэхъ дагъуэ умыщIэгъэнэхъ щIыхьэ пIийуэ укъыщIэнэжьын жьыхуэпIэр - сызижагъуэным иугъэунэху ар!

Абы щыгъуэмэи, зы сенэ уэзэрпыкIэ - уи лIыр нэгъуэщIым и гупэ хэпIу, ар абы кьыщIэпшыжу сенэм кьызэрызэрпрыпшыжьым Iэмал закъуи Алыхьым кьунтам яхэмытуI Тобэ! Тобэ! Алыхь, сыткIэ сынокъуэшэкIауэ пIэрэт? Сыт гущэр си Iэмал? КьысхуэпщIар си унафэщи, си кьыщIэпшыжу сенэм кьызэрызэ

Зи усэхэмкIэ сабийхэр ягъасэ, ягъэIущ

ТхакIуэ цIэрыIуэ АфIэунэ Лиуан къыззералъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу



АфIэунэ Лиуан Алий и къуэр Бахьсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм 1938 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къыщалъхуащ. 1946 гъэм курыт школым щIэтIысхьэри илъэсибл класыр кынхащ. 1957 - 1960 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIащ. 1960 гъэм «Къэббалъкъпромстрой» трестым зэрыщылажьэм хуэдэуэрэ 10-нэ классри къиухыжащ. ИужькIэ Тырныауз дэт вольфрам-молибден комбинатым Налшык щIэ базэм щылэжьащ.

И лажьыгъэкIэ литературэм пэжыжьэу щытами, Лиуан итха сабий усэхэр усакIуэ нэсым и IэдакъэщIэкIщ.

ЦIыкIухэм усэбзэкIэ зэрепсэльэфым хуэдэ-кIуэу, Лиуан сабийхэм я зэхэщIыкIым хегъахъуэ, дунейм и пльыфэ зэхэуэхэнахэм хегъаплъэ. Араш абы и усэ цIыкIухэр сабийхэм щIапхъэ-тар, я псэми я бзэми щIыпэгъунэгъуэ. Лиуан и усэхэр гуапагъэкIэ гъэнщIащ, псэгъэгуфIэ дахагъэ яхэлъщ.

Тхылъ зыбжанэ кыдитхэкIащ АфIэунэ Лиуан, сурэтыщIхэм щхъуэкIэпльыкIэу ягъэщIэрэщIауэ. Апхуэдэ-хэщ «Къэрабэ» (1976), «Дадэ и сурэт» (1983), «НэщIэпкIэ» (1990), «Псыно цIыкIу» (1993), «Усыгъэхэр» (1998) усэ тхылъхэр. КъищынэмыщIауэ, и усэ нэхъыфIхэм ауащыхуозэ «Азбукэм», курыт школым и класс нэхъыщIэхэм анэдэлъхубзэр зэрыщрагъэжьэ, «Адыгэ сабий литературэ» тхылъхэм, «Вагъуэбж» сборникым, сабий садхэм папщIэ зэхалъхьа программэхэм.

Тыгъэ хьэлэмэтхэр цIыкIухэм къахуэзыгъэна

КЪЫРГЪЫЗ тхакIуэшхуэ Айтматов Чингиз и роман «Буранный полустанок» зыфIищам мыпхуэдизэ миф итщ. Жуанжуанхэр Азие Курытым щыпсэу льэпкъ цIыкIу АфIэунэм къыпхуэуэрэн хэкур яхьунщIэ. ЗауэфI щыIэкъым: жуанжуанхэм лейуэ зэрахьам я нэхъ Iей дыдэу цIыхум я гум мыпхуэдизкIэ зэхэкIуэнкIагъэ кIоно. ЗэпхпхуэакIуэхэм зытекIуа льэпкъым нэхъ щIалэ Iэчльэчхэр кьыхачырт, ахэр Iэпхльпхэ ящIырти кьумым кьранэрт. Абыхэм я щхьэм фIжьыа чинуэ цIынэр кьурэу зэпрыгъукIырт. Махуэ зытхух дэкIа нэужь жуанжуанхэм кьагъэззэкIыртти, лIар-лIащ псэууэ кьэнжьа щхьэр ятIэтэжырт. Псэ яIуту кьиузэтена щхьэкIэ, абыхэм езыхэр зыщыщи, кьызыщыжкIаи, я ади, я ани кьахуэцIыхужьнутэжкым. Апхуэдэ лей зыпльыса, къэзыпхуэаи кьыдалъхуаи зымыцIыхуэр щIалэхэм зэрезджэу щытар манкуртт.

Бзаджагъэр, цIыхугъэншагъэр, тхьэмыщкIагъэр зыр зыкIи кьыпхуэ щхьэусыгъуэзу щызэпхащ Айтматовым и романым хэт миф гъэщIэгъуэным. Мифыр таурыхъщ. Ауэ мы мифым зи гугъу ящI манкуртым и «IыхьлI» гъащIэм дыщримыхьэлIэу щытамэ, езы мифри апхуэдизу щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн кьытщымыхьункIи хьунт.

Манкурт щэнщ укъыщалъхуа хэкум, укъызыхэкIа льэпкъым и тхьидэм, и щэнхабзэм, и бзэм псэкIэ ухуэхамэу дунейм утетынырт. Кьытщэхьуэ щIблэр мис абыхэм хуэхамэ мыхьунырт, дауи, ди сабий литературэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ.

Дэ сабий Iуэрыдэхэр ящыIэ дIищ: уэрэдэхэр, усэхэр, таурыхьхэр, кьеБжэкIэхэр, кьуажэхьхэр, псынщIэрыпсальэхэр. Ауэ ди нобэрей сабий литературэр кьуейуэ жыпIэнкIи пасэщ, тхьытеджэ цIыкIуэмрэ цIыкIунитIэхэмрэ нэхъ зыхуеинУ тхьыпу дунейм кьытехьэм гулъытэ нэхъыбэ хуэщIын цIыкIуейрэ гурыфIгъуэщ.

АфIэунэ Лиуан и сабий тхьилъэм ущытхъуйэ емыкIу зэпхьыщIащ. Лиуан цIыкIухэм усэбзэкIэ зэрепсэлъэн зэчиншхуэ бгъэдэлъащ. И усэ нэхъыфIхэр ущыпсеуныкIыхьхьын ябгъэдэмыпIу хуэхьэзырщ зи школ щIэтIысхьэтэу нэмысса цIыкIуэмэ пэщIдзэз классхэм щеджэхэмэ гукIэ зребгъэгъэщIэну.

Адыгэ тхакIуэхэм цIыкIухэм папщIэ зыгуэр зымытха е иттхыну зи мымрад кьытхэткым, ауэ АфIэунэм хуэдэу сабийхэм епсэльэфы, мы дунейр зэрытелыдыжэр, сабийгъуэр таурыхъым и хьэуакIэ зэрыбгъуэр, псэущъхьэмэ псэ зэрэлутыр, абы я псэми хуэсакъынкIи зэрыхуейр цIыкIухэм яжеэзыIэфа усакIуэ дэ диIэу сыщыгъуэзэжьым.

Псом япэу гу зыIыпытэр мыращ: Лиуан и усэхэм я нэхъыбэр сабийм зыкъыпхуиГъэзэуэ усэкIэ кьопсалъэ хуэдэу тхащ. АпхуэдизкIэ «тынщу» тхащи, хэлъышхуэ щымыIэ хуэдэуи кьыпщыхьунущ зэ еджэгъуэжкI. АрщхьэкIэ сабий ухъужьынуи тынщ? Гугъущ, дауи, апхуэдэ усэ птхынри. Сабийм и гум и хуабэр, и дуней епльыкIэр, и псэльэкIэр хуэхъуэу цIыкIу балигъхэм кьахэнар дапщэ? Сабийм я Iуэу епльыкIэр, дунейр зэрызыхащIэ щIыкIэр гукъинэжу, гъэхуауэ кьиузэрIуэтэн анэдэлъхубзэ эыIуральри кущ хьурэ?

Лиуан и усэхэм хэт сабийм мыпхуэдизу захуегъаэз псэущъхьэхэм.

Бзум:

Току зэрыкIуэ кIапсэм,
КхъыIэ, фыгъемыс.
Си шэнт льакъшэ цIыкIум,
ИIэт, фыкъэтIыс.

ТхьэкIумэкIыхьым:

Зэ къэувыIэ,
Нэхъ хуэм зыщI,
УмэжалIэм, умыбзыщI.
Умышынэ, умыукIытэ,
Ди къэмыщи ублэсшынщ.
ЗыбгъэщIыхуиIэ
Пхьы, кьэбыстэ
Ди деж кьакIуи
Уэзгъэшхынщ.

ШкIащIэм:

КIышэ, кIышэ,
Си кIэбгъшэ,
Си лъэбгъэ
Быщэ цIыкIу,
Ущэбгъэ сыт апхуэдизрэ,
Си нэIуцэ,
Iуцэ цIыкIу...

Усэм хэт сабийр шкIэм зэрепсалъэ щыкIэм ущыщIэдкIуэ, сабийр кьыздальхуа гуэр дэуэршэру, абы и гур фIы хуищIыныр ешэм дежкIэ насыпу кьиультэжу зыихьощIэ.

Мы усэхэми нэгъуэщI щапхъэ кьэдмэ гу щыIыльботэ: Iуэрыуатэм и акъужь кьабзэм иробаэу Гъубжокъуэм и поэзиер. Лиуан ижьымкIэ мэIэбэрн Iэмал кьеГъуэт, сэмэгумкIэ мэIэбэрн а Iэмалыр ирегъэфIакIуэ, усэр сабийм и псэм дыхьэн хуэдэу ипсыхьэн папщIэ. Ики ар гъуэзэджэу хуэзфIокI.

МыкIуэщIыж гуапагъэкIэ, хуабагъэкIэ, гущIэгъуэкIэ гъэнщIащ АфIэунэм и усэхэр. Санэмрэ жьэумымрэ зопсалъэри, жьэумей пагэм санэр еущий нэхъ льагэу дэкIеину. Санэм и жьуапыр мыраш:

«Хьэуэ, хьэуэ, жьэумей,
Сабий цIыкIуэр
зэзгъэхъуапсэу
Ди сыхъуну сыхуэмей».

Сабийм бгъэдэзэмыльхьэн инатI, беягъ сыту сщIын сэ жьэумIэщ санэм. Уегупсысыпэмэ, хэт апхуэдэу жьэзыIэфынур? Санэра? Анэра? Адэра? ЩхьэхуещатIагъ зэрымыфIым теухуауэ усэуи, рассказуи, статьяуи сыт хуэдизу ухуейми бгъуэтынущ. АрщхьэкIэ АфIэунэм хуэдэу кIэщIу икIи дахэу цIыкIуэм ар яжеэзыIэфыр зырызыхэщ. Мис «ЦIыпльэгуэзыфIищэ усэ цIыкIу».

Зым и уни ар щIэмыхьэ,
КъэкIухьынкIи
льэрымыхьщ.
Зы псэущъхьи зыщIэмыхьэ,
Зыми хьурккым
фIэгуэныхь.

Жьыжь дыдэ умыIэбэжуи ди литературэм усэ куэд кьыхэбгъуэтэфынущ я сатыурэр плакатым кьытратхыкIам хуэдэу «занщIабзэу», итIани гуе емыхуэбылIэу, «Умыщхьэх, уемышу лажьэ, япэкIэ бакъуэ, щIалэфIу дунейм тет» жьхуиIэ ущие гъущэхэмкIэ зэщIэзэздауэ. Ущие гъущэр кьызытеКIуа сабий усэм поэзие, дахагъэ ущыщыщIыхьхьэжькIи щыIэкъым. АрщхьэкIэ поэзием и кьэуат зыIыпIэса ущиепи псэм щIэщыгъуэу пIэпихуэ кьыщIокI мис мы «Бабыщ шыр» усэм хуэдэу:

Щимэ, щимэ .
Льабэ щимэ .
Лъэпхъуамбищ.
Зыгъэпскlакlуэ докIуэ
Псыхъуэм,
Уэри накIуэ,
Дяпэ нищ.
- Хьэуэ, хьэуэ,
Сыт а жьыфIэр?
СыздэсфIэмэу фыхэмыIт.
Бабыщ «мамэ» си мыгъуэсу
СынэкIуэну сыхуимыIт.

Лиуан и усэхэм хэлъ ущиер Iэдэб, сакъ, Iэ щабэ-Iущабэ зыщIыр а ущием и щIыбагъ кьыдэт гущIэгъуэр, поэзиер кьэзыIгъэщI цIыкIугъэ дахэр аращ. Мис абы и щапхъэ гъуэгъэдэжь «Аргуэй» уэсэр:

Льабэ псыгъэщ.
Ар пэ кIыхьщ.
Жэщ зэрыхъуу
Кьелъэтыхь.
КьыстотIысхьэ,
Кьызэдзакъэ,
Сигъэжейркъым,
КьысщIыхьсхь,
Аущ щIэркъым,
Сэ итIанэ
Ар итIанэ
СфIэгуэныхьщ.

Аргуэй нэхър нэхъ угъурсызэрэ нэхъ уфIэмыгуэныхьынрэ щыIэ? ИтIани аргуэйри фIэгуэныхьщ мы уэсэр кьэзыIуатэ цIыкIум. «Аргуэйр бзаджащ, и зы дзэжэпкъ кьыхэхын хуейщ», - жаIэ адыгэм ауанищу. Мы ауаным гущIэгъу тIэкIуи хэлъу кьыщIэкIынущ. Лиуан и усэм и гущIэгъур сэтей кьешIри кьыбжеIэпэ: пэжщ, бзаджэщ аргуэйр, ауэ абыи пэ Iутщ, псэм гущIэгъу хьунукъым «аргуэйр укI, хьэндырабгъуэу кьыпIэрыхьэр фыщI», - жепIэкIэ. ЦIыкIур гущIэгъум, цIыхугъэм хуэущинири, и анэдэлъхубзэр фIыуэ зегъэщIэнри - а мурад дахэхэр зэщIщхъуэ щIэзэхэтщ «Аргуэй» усэми нэгъуэщI усэфI куэдми. Сабийр зоопаркым кIуэуэ кьыпIэным бгъдэтэщи ёоущие:

- Укъапльэнкъэ уэ
иныншхуэр,
Сытыт нетIэ ущIэгъар?
Дэ кьыджеIэт мыдэ
псынщIэу,
Хэт уи жагъуэ кьэзэщIар?
- Зыри, цIыкIуэ,
СльэмыкIыжу
ГъащIэмащIэ -
Жьы сыхуущ.
Сабиигъуэр сигу
къэкIыжри,
Фыщыслъагъум тIэкIу
сыгъащ.

Мыпхуэдэ усэхэм кьудрэ утепсэльыхь нэхърэ кьудрэ уеджэну нэхъ гуапэщ. ФэрыщIыгъи, хьилагъи, бзэмыIугъи хэлъкъым мыбыхэм. ЦIыхур дэнэ кьэна, псэ зыIут дэтхэнэ зыми дащыхьыхьи хуейщ, ахэр дэ кьэдгъэщIакъым - кьыджжэ хуэдэщ Лиуан и усэ кьуэдым.

ХьэжэкъэжкIэм, псэущъхьэхэм ятеухуа усэхэм хэлъ хуабагъэм нэхърэ мынэхъ мащIэ щызыхьибощIэ гъэм и льэхъэнэхэм ятеухуа - пейзажжкIэ уэзджэ хьуну усэхэми. Ахэри нэгъуэщI куэди ди сабий литературэм и тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэм зэращыщым шэч хэлъкъым.

ЦIыкIуэхэр ди Iуэрыуатэм, литературэм, анэдэлъхубзэм я Iэфыр зыхащIэу кьэтэджмэ, езыхэм я дежкIи кьызыхэкIа льэпкъым и дежкIи нэхъыфIщ. ЗэрыпнэхъыфIым утепсэльыхьынуи емыкIу хуэдэу мэхъу: хэт ар зымыщIэр? - кьыжжаIэфынущ. АрщхьэкIэ зымыщIэ дэнэ кьэна, зыщIэну хэмейхэми урохьэлIэ.

Тыгъэ хьэлэмэтхэр льэпкъ сабийхэм хуэзыщIар литературэм хуеджакъым. Ауэ щыхьыкIи, Лиуан и усэхэр щапхъэщ литературэр зи IэщIагъэ зыхуэдэм я дежкIэ.

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас.

Псэ хьэлэл

Iупэ къудейм къыщежьэ псалъэр и къэнсэлыкIэжI Iейми фIымы гумрэ нсэмрэ зэкъыркъым. ЦIыху балигъыми сабийми я псэм хьухьэр гущIэм къыщежьэ псалъэщ. Сэ сыкъалъхуным куэдыкIей иIэу къаIуэтагъэнкIи мэхъу апхуэдэ гупсысэр. СщIэркъым. Сыщыгъуазэкъым. «Уэ уэ узыщыгъуаэзр сыт-тIэ?» - жьыфIэрэ фыкъызуищIму, си нэгъуэ зэлъыIухауэ хэти сеплъыр жьыСфIыпущ: «АфIэунэ Лиуан усакIуэ телыджэт». ЩIэтелыджэр? Сабийм дахэу, IофIу епсэльэфырт. И псалъэр къыщежьэр и гущIэ дыдэрт, зэчий иIэт, Алыхьыр кьыхуэупсауэ. Лиуан и щIэр зэхэсхыу си нэгъуэ къыщIохьэ гуфIэгъуэм зэщIиIэта цIыхуэхэр. Абыхэм хэт уэрэд жеIэ, хэти долъей-допкIей, хэти и анэм зришэкIауэ абы кьриш уэрэд гуакIуэм IофIу щIоженкI.

ПЭЖ ДЫДЭР жьыСIэнщи, а зи гугъу сщIа тепIыхьгъэхэр сэ си гум щIэжIащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, «си нэгу кьыщIохьэ» жьыСIамэ, нэхъ тэмэмыр арат.

Сабий сад, ялъэ жьыпIэми, ди къуажэхэм гуфIэгъэ зэхуэсыщхуэ щкIуэкIэхэми сэ куэд дыдэрэ сльэгъуащ Афэунэ Лиуан и усэхэм зэфIагъэщIэгъуэну сабийхэр кьеджэу, абы кьыдигъэкIа тхылъхэр зэIэпахыу щIаджжыкIыу, абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр цIыкIуэхэм щагъэзащIэкIэ Iэгуаэзщхуэ хуаIэту. АбыкIэ сэ жьыСIэну сызыхуейр нэхъыщхьэу зыщ: сабийр апхуэдизу зыгъэгуфIэф, зыгъэгущхуэф АфIэунэ Лиуан и насащ. ЖьыСIам щыхьэт нэс техьэуу мыр сигу кьокIыж. Ботэщей кьуажэм (Плановскэ) ЩэнхабзэмкIэ и унэм и лжьакIуэхэмрэ абы дэт сабий садышхуэм и гъэсакIуэхэмрэ драгъэблэгъат усакIуэ, тхакIуэ гупыфI. А махуэм ди гьусатэкъым АфIэунэ Лиуан, ауэ сабийхэм нэхъыбэу жаIэр абы и уэрэдхэмрэ и усэхэмрэт. Си щхьэкIэ сехъуэпсащ Лиуан, и ехьулIэныгъэхэм сыщигуфIыкIащ, сригушхуащ, ин срихъуащ...

Сабийм и хьэл-щэныр, абы и дунейр, и психологиер, и гумрэ и псэмрэ щыщIэр АфIэунэ Лиуан хуэдэу кууу, щыгу къэзыгъэлъэгъуэф адыгэ усакIуэ сэ си щхьэкIэ срихьэлIакъым. Радиом сыщыщIэжьа зэманым Лиуан и усэхэр радиокIэ къэсту щIэдзэрэ... льэIу писмохэр уэру кьыСIэрахьэу уэсакъым и мызакъуэ, балигъхэри къэпсалъэрт, яфIэгъэщIэгъэнт, яфIэтельыдджэт Къулъкъужын Ипщэ (Абзуан адыгэ жьлэжьым) щалъхуа, щапIа щалэм и Iэдакъэщ1кIхэр.

Гуапэщ ди композиторхэми АфIэунэм и усэхэр гулыытэнщIу кьызэрамыгъэнар. Абы и псалъэхэр щIэлъу сабий уэрэд тIощIым щIигъу зыгъэпса композитор щыIэщ. А псор кьедмыбжжкIми кьынущ, сыту жьыпIэмэ ахэр щIэх-щIэхыурэ радиокIэ кьат, сабий садхэм, школхэм щагъэзащIэ.

Сабийм илъагъэмрэ абы псэкIэ зыхищIэмрэ гъуэзэджэу къеIуэтэф АфIэунэ Лиуан. Езым ещхьу и усэхэри гу кьабзэ-псэ кьабзэщ.

Сэ фIыуэ сльагъурт а усакIуэ телыджэр. ЩIэсIыгъуэри щIыпхъуэ щIыпхъуэщIри и тхыгъэхэм я закъуэкъым. Езыр сыт щыгъуи сабыртI, Iэсэт, зэпсэрыпт, Iэдэбт, зэтеубыдауэ, дахэу щIыхухэм яхэтыфырти араш. ЦIыкуГи ЛIыгъи хэлъащ. Си фIэщ хуэрккым абы хьэтыр гуэркIэ е IуэхуэгъэбзэкIэ цIыкIу ящIыIуIэкIэ «къэуэ» кьыхикIыгъэкIауэ. Куэдрэ сльэгъуащ сэ АфIэунэ Лиуан езыр зыпэрыт, къыпэщылъ лэжьыгъэ зригъэтIылъэкIыурэ зыкъыхуэзыгъэза цIыхум ейр япэ иригъэщIу. Апхуэдизкъэракъ-тIэ «цIыкъ кьилъэуа, цIыху ипIа цIыхуп» жьыхуаIэжыр?

Мы сатыурэр здэстхьи си нэгу кьыщIохьэж АфIэунэ Лиуан и нэгу угъурлыр: зэзэмызэхэ фIэкIа сызэмыгъэдыхьэшх а лIы хьарзынэр дауэрэ сщIыми зэгуэр къэзгъэгуфIати, сэри сыщыгъуфIыкIырт, и тупыным кIэгъуасэ кIыдзэкъуэ пищIами, абы екъуну хуиэзгъэсыртэкIым, хьыбарыщI дыхьэшхэн гур ди ныбжьэгъуэм кьащыщIа хуэдэу зэхэслъхьати, модрейри и фIэщIпэу кьызэдаIуэрт. А псори и фIэщыпэ зэрыхьуам щхьэкIэ сэри ныбафуэз сыхьуат.

Араш. Псэ хьэлэлыр сыт щыгъуи жьыСIэщIэщщ...

ГЪЭУНЭ Борис, *тхакIуэ.*

АфIэунэ Лиуан «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщ. Абы кьыбгъэщIэсу Тхьэмокьуэ Барэсбий, щытхъэ *(ижьымкIэ кьыщыщIэдзауэ)* Хьэжьыкьарэ Алик, Шал Мухьэмэд, Уэрэзей Рашид сымэщ. *2006 гъэ*

ЖьыIэгъуафIэ-зэгъэщIэгъуафIэ тхыгъэхэр

АфIэунэ Лиуан республикэм исхэм фIыуэ ялъэгъуа усакIуэщ. КьызэрацIыхуари, псом япэу, и сабий усэхэм-кIэщ. Абы и япэ тхыгъэхэр тхыльеджэм яIэрыхъэ зэрыхъэрэ зы тхыльыкъым, тхылъэнтIкъым ныжьыщIэщ цIыкIухэр зэрригъэуфIар. «ЗэрригъуфIар» щIыжьысIэр абы и тхылъ дэтхэнэми сабийр зэрыщыгуфыкIым фIыуэ сыщыгъуазэщи араш.

САБИЙ усэ зытх усакIуэхэр диIэми, Лиуан хуэдэу а зыхуэтхэхэм фIыуэ яIэрыхъуар зырызыхъэщ. Сыт ар кьыззыхэкIар? Iэзэу тхэтн аращ. Абы и усэхэр дахэщ, жьыIэгъуафIэ-зэгъэщIэгъуафIэщ, сабинбзэ дыдэм тетщ. Къэтхъынти а жьытIам и щапхъэу зы усэ цIыкIу:

Ди адакъэ

Зызыгъэпщу
Ди адакъэ,
Хэт уи сыджыр
ДибзыкIа?
Ухъужауэ
Накъэпакъэ,
Сыту Iейуэ
УщыкIа!
Хьэблэ цIыкIухэр
Ибохужьэ,
Ужьэ цIыкIур
Уогъэтъей.
Апхуэдизу
Умыхъыжьэ,
Кьыпхуадэнкъым,
Пlут дзэ кIей!
УпIэщ уэ
Макъ дахэ дыдэ,
Уэрэд жьыпIэми
Ярейщ.
Дзэн пIуткъым -
Зыгъэбыдэ.
Сыг ун дзакъэ
Дзэкъэрей!

Мыр кьызэрытхыжар «ХэмыхъуэмыкIуэратI» тхыльращ. Абы щызэхуэхьэсащ сабийкъэм яхунтха уэ нэхъыфIхэр. Ахэр ятеухуащ гъэм и зэманхэм, кьэкIыгъэхэм, псэущъхьэхэм, кьуалэбзухэм, ди щIыналъхьэхэм, нэгъуэщIхэм. Ахэр псорп сабинбзэ дахэкIэ, кьэсхьа щапхъэм ещхьу тхащ, жьгъыру цIыкIухэщ, сабийхэм я дежкIэ зэрыIуэгъуэфI защIэщ.

Усэхэм нэмыщIкIэ, мы тхылъым къуажэхьхэри итщ. «Къуажэхь Iэрамэ» - аращ а Iыхьэм фIащар. Ахэри усэбзэкIэ екIуу тхащ. Къэтхъынти зы щапхъэ:

Бзу абгъунтIым
Ис цIыкIунтIу,
Зэгъунэгъуэр
Зэнъбжьэгъуу,
Зэтемыплъэ-
ЗэIумыплъэу,
Зэнэзэпсэу
Зэдопсэу.
Зэмыфыгъуэ-
Зэмыжжу
Заплъыхь-
Къаплъыхь
Дуней псор.

ПIэращ а къуажэхьым зи гугъу ящIыр.

Сабий тхылъым и фIагъ-Iеягъыр псом япэу зэгъыстар сурэтхэраду жьыпIэкIэ щыуагъэ хъуну кьыщIэкIынкъым - абыхэм дахьэха, яфIэхьэлэмэту епльыну кьащта нэужьщ тхылъым нтми сабийм гу щыпIэ итэнур. Ар кьагурыIуэу, ди тхылъ тедзапIэм кьыщыдэкI тхылъхэр сыт щыгъуи ягъэщIэращIэ. Лиуан и тхыгъэхэри араш - сабийр балигъри дехьэх абыхэм ит сурэтхэм.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Лиуан нобэ кьытхэтыжькъым. Ауэ, кьыщIэна тхылъхэм сабийхэм зыхуагъэзэху, и цIэр ящыгъупщэнукъым.

ХЬЭХ Сэфарбий.

Сабий усэхэр

Шууей

Ди гъунэгъум
Кьашащ ныси,
Сылкьэ -
Чышым сыкьошэс,
Кьыскуэхьунур хэт
Шу гъуэ.
Идар,
Уэлий,
Уэзырмэс?
ИIэт псынщIэу,
Фыкьэшэс.
Уиэнышэм
Дынэвгъэс.
Шыхэр унэм
НищIэтхуэнщ.

Тхьэгъэлэдж

Махуэм дэнэ
Уэдэщыгъэр?
Зи бзэр дахэу
Си IэфI цIыкIу?
КьакIуэ мыдэ
Умышынэу,
КьоIусэну
ПрIэщIыр хэт?
«ЦIутIи пIытIи»
Уэ жумыIэу,
ЩыщIэбгъэпщкIур
сыт,
Хуэмыху!
Дегъэдаiуэ
Шыкlэпшынэм,
Кьекlурэ-некIуу
Кьедгъэблэнщ!

Шыпсыранэ

«КьызэIусэ»
КьыбжимыIэ.
Зигъэфlэнуи
Ар хэмыт.
ГущIэгъунэшэщ,
Хэх имыIэ,
УеIусэну
Ухэмыт.
ЗыбгъэлIыхьурэ
УеIусамэ,
Зым и ягъэ
УмыщIыж.
Удэлъейуэ
Укьисамэ,
Зэхэдгъэхыт
Уи уэрэд.

ТхьэкIумэкIыхь

КIунэ, кIунэ,
КIунэ кIыхь
ПкIэуэ,
Лъэуэ
Къэзыжкъ.
Зэ кьэувыIэ,
Нэхъ хуэм зыщI.
УмэжалIэм -
УмыбзыщI.
Умышынэ,
УмыукIытэ,
Ди хьэ Мыщи
Ублэсшынщ.
ЗыбгъэщIыхукIэ,
Пхьы,
Мис итIанэ -
Умыгъыж.

Санэмрэ жьэумеймрэ

- Санэ, санэ
ЦIыкIунитIэ,
IэмпIэ, IэмпIэ
IэмпIэ кIыж.
Кьыздэпльей
ТIэкIунитIи,
Нэхъ иныIуэу
Зыкъэшэщ.
- Хьэуэ, хьэуэ,
Жьэумей.
Сабий цIыкIуэр
Зэзгъэхъуапсэу
Ин сыхъуну сыхуэмей!
Къэбстэ,
Ди деж кьакIуи
Уэзгъэшхынщ.

Ныбжьэгъум папщIэ псалъэ

АфIэунэ Лиуан и усэхэм хуабагъэ ящIэльщ, псэ кьабзагъэкIэ гъэнщIащи, ахэр хэмытмэ, ди нобэрей сабий литературэр ныкъуэ хъунущ, сэ кьызэрыслыгъэмкIэ.

АФIЭУНЭ Лиуан и тхыгъэхэм сыщеджэкIэ, абы рифмэ, ритм хуэдэхэр зэрызригъэхъулIаг япэ изгъэщIыркъым, ахэри Iуэхум кьыхэлъытэн зэрыхуейр пэтми. СэрлкIэ нэхъ льапIэр - лирическэ лIыхъужьым и гупсысэ узынщэрщ, кьыбгъэдэкI хуабагъэрщ, а хуабагъэр зыхозыгъащIэ кьэлъэтэкIэрщ, нэхъ кIощIу жьыпIэмэ - псэгъэгуфIэ-дахагъэ тхыгъэм хэлъырщ.

Хэт хъуну атIэ АфIэунэ Лиуан? Ари щIэблэм ящIэмэ, дерс кьызыхах хъун хэлъу кьызолытэ. Ар щыщалъхуащ Къулъкъужын Ипщэм 1938 гъэм. Езыр щIэсий фIэкIа мыхъуауэ, и анэр дунейм ехыжри, анэншагъэм кьишэ кьулейсызыгъэ гукIи, псэкIи, фэкIи игъэващ. Школым хьарзынэу щеджэрт, хьэтI дахэ иIэт. ЕгъэджакIуэхэм ягъэщIагъуэу, каллиграф хьэтI жьлхуаIэм хуэдэу. Дзэм кьулыкъу щищIэну щраджами, ар сэбэп кьыхуэхъужащ: штабым щагъэлэжьащ, дахэу тхэ дыхуейщ, жаIэри.

Лиуан хуэдэхэрт школхэм нэхъыбэу щыгъэлэжьэн хуейр, сабийхэм я бзэр, я псэр, я гурыгъу-гурыщIэр нэсу ищIэу, ешыр Iэдэбу, зэрыжьэтIащи, хьэтI хьэлэмэтыщэ иIэу. АрщхьэкIэ гъащIэм «ауэ» куэд хэлъкъэ. Тынщу зи гъэгунэр щэщIа хъурэр нэхъ мащIэщ. Курыт еджапIэр кьиухыным хунэмысауэ, ар лжьыгъэм пэрымыхьэу хъуакъым. IэнатIэ зыбжанэ зэрихьэкIащ: мыващIэу, ухуакIуэу, льэпсэлъэхьэу... - кьарукIэ дунейм зыгуэр щылэжьамэ, Лиуан апхуэдэщ.

Лиуан иIэт кьыдалъхуауэ зэчий (талант). Икли и гумрэ и псэмрэ кьыдихуу псалъэхэр утыку кьрильхьащ, зэрыжьытIащи, ахэр кьабыл ящIащ щIэзджыкIакIуэхэм.

Сабийхэм папщIэ Лиуан тхылъ зыбжанэ кьыдигъэкIащ, екIуэрэ-ещхьу сурэтыщIхэм ягъэщIэрэщIауэ. Сэ сызэрыщыгъуаззыкIэ, Лиуан ирагъэблагъэурэ школ куэдым щылащ, еджакIуэхэм IагъэщIащ. Лиуан хуэдэ усакIуэщ цIыхур зэрыгушхуэр. Жьылагъуэр, уеблэмэ зэрыпIахэу ирипагъ хьунуц абы. Апхуэдэм хуэфащэ пщIэ игъэтыжьыхьэщ.

АфIэунэ Лиуанрэ сэрэ сабийхэм усэ цIыкIуэхэр зэрахуэтIтхым кьищынэмыщIауэ шахтэми дыщыздэдэжьащ.

ЛИУАН литературэм хуемыджами, Iуэрыуатэми литературэми гукIи псэкIи дихьэхырт. Абы хуэдэу сабийхэм я бзэр фIыуэ зыхэзыщIэу якуэтхэ адыгэм зы усакIуэ кьытхэткъым. И уэхэр гъэщIэгъуэныщэщ, сабийхэр дамыхьхьынкIэ Iэмал имыIэу. И уэрэд цIыкIухэм композиторхэм гу кьыльатэри макъамэ щIалъхьащ. Ди усакIуэхэм я нэхъыбэр Москва зэрыщеджам кьыхэкIэу, классикэ усэ гъэпсыкIэм тетщ. Лиуан итхахэр Iуэрыуатэ гъэпсыкIэм нэхъ зэрыпэгъунэгъум гу лъыботэ.

УсакIуэр и хьэл-щэнкIи щапхъэт. Ар цIыху сабырт, Iэдэбт, нэмысфIэт. Къипсэлъыр мащIэми, купщIэшхуэ хэлът. Лиуан

Хуэфащэ гулъытэ игъуэтакъым

зыыхьа гупым мыхьэнэ зиIэ гуэр химыльэнымэ, утыку ихьэнутэкъым.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, АфIэунэ Лиуан и гущIэм хуэфащэ гулъытэ псэуху кьыхуащIакъым, зы дамыгъи кьратакъым. И усэхэр зы тхылъ хъунуращи, зэхуэхъсыжьарэ кьыдэгъэкIыжамэ фIыт. КьищынэмыщIауэ, ар кьыщалъхуа Къулъкъужын Ищхьэрэ къуажэм и усэрыпсэм языхэзым и цIэр фIащыну хуэфащэщ.

ЩОДЖЭН Леонид, *КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

Адыгэ псалъэ

Адыгэ псалъэ - Iофыгъо зэрыщIэкIыжыр, ар зэрыгъэлъэпIэ, ар зэрыгъэсыжыр, ар зэрыгъэсэбэпыр, ар зэрыгъэсэбэпыжыр, ар зэрыгъэсэбэпыжынымкIэ, ар зэрыгъэсэбэпыжынымкIэ, ар зэрыгъэсэбэпыжынымкIэ

● Футбол

Коронов Игорь *(24)* пенальти йоуэ.

Пенальтир яхудэгъэкІатэмэ...

«Динамо» (Санкт-Петербург) - «Спартак-Налшык) (Налшык) - 0:0. Санкт-Петербург. «Петровский» стадион. Бадзэуэгъуэм и 18-м. Цыху 800 еплъыц.

Судьяхэр: Москалев (Воронеж), Сафьян, Коржевский (тІури Мээкуу щыщыц).

«Динамо»: Самохвалов, Васильев (Сурков, 62), Кудинов, Костин, Гиголаев, Кирсанов, Мельник (Маркелов, 82), Федоров, Егоров, Сушкин (Акимов, 85), Ильин.

«Спартак-Налшык»: Цыган, Засеев, Овсиенкэ, Тимошин (Джудович, 67), Гарбуз, Коронов, Чеботару, Руа, Аверьянов, Сирадзе (Гъэщокъуэ, 68), Медведев.

Дагъуэ хуащІащ Аверьяновым, Овсиенкэ, Васильевым, Медведевым, Самохваловым, Гиголаевым.

89-нэ дакьикъм Коноровым пенальти худэгъэкІакъым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым 2013 - 2014 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ, зи чэзу,ещанэ, джэгугъуэм хиубыдэу «Спартак-Налшыкыр Санкт-Петербург кІуат, и очко бжыгъэм хигъэхьуэну мурад быдэ иІэу. АрщхьэкІэ мыгъэрей зэпеуэм и пэ кьэхуэу «Петротрест» щІэр «Динамо»-кІэ зыхъуэжа гупри адэкІэ кьикІуэт хъунутэкъым. Абыхэм пэщІэдзэ эЗІущІитІыр иратэхьэхуатэт, ещанэр кьыхуагъэзыгунутэкъым. А псоми кьыхэкІыу джэгур уходжьыу хьэлэмэт хьуащ.

Дауи, хэгъэрейхэм ббгъэрыкІуэныгъэ лъэщкІэ кьыщІадзащ. Абыхэм я мурадащ я хьэрхуэрэгъу щІэрыІуэр занщІэу ирагъэкІуэтыну. ИкІи зыкъомкІэ ар яхуэзэфІэкІащ. Зэман пыухыкІа текІуэнащ «Спартак-Налшыкым» «Динамо»-р кьыхэтригъэувыІэу езыр япэкІэ кІуэтэнын.

Ахуэздэу, зым и ббгъэрыкІуэныгъэм адрейм жэуап кьиртыжу, лъэныкьуэхэр зэпэщІэтащ. Абы щыгъуэми хэгъэрейхэми хьэщІэхэми бжыгъэр хигъэхьуэным мурад быдэ иІэу. АрщхьэкІэ мыгъэрей зэпеуэм и пэ кьэхуэу «Петротрест» щІэр «Динамо»-кІэ зыхъуэжа гупри адэкІэ кьикІуэт хъунутэкъым. Абыхэм пэщІэдзэ эЗІущІитІыр иратэхьэхуатэт, ещанэр кьыхуагъэзыгунутэкъым. А псоми кьыхэкІыу джэгур уходжьыу хьэлэмэт хьуащ.

Дауи, хэгъэрейхэм ббгъэрыкІуэныгъэ лъэщкІэ кьыщІадзащ. Абыхэм я мурадащ я хьэрхуэрэгъу щІэрыІуэр занщІэу ирагъэкІуэтыну. ИкІи зыкъомкІэ ар яхуэзэфІэкІащ. Зэман пыухыкІа текІуэнащ «Спартак-Налшыкым» «Динамо»-р кьыхэтригъэувыІэу езыр япэкІэ кІуэтэнын.

А Іэхэу хьэлъэр икІи жэуаплныгъэшхуэ зыпылъыр игъэ ззщІэну дзыхь хуащІащ ди командэм зэпеуэ блэкІам текІуэныгъэ зыбжанэ кьызыхуэзыха Коронов Игорь. ЕлІэлІапэуэрэ абы топыр метр пщыкІуэзым и деж щигъэІыпльащ. Зричщ, и кьару кьыхэзрихькІэ еуэри... Топыр гъущхьэм техуэри, кьэльеижащ.

КъыкІэлъыкІуэу Аверьяновыр и закъуэ дыдэу «Динамо»-м и гъуащІэхэтым бгъэдыхьащ. АрщхьэкІэ ари кьыхэжанакІыфакъым.

Сыт пщІэн, апхуэдэуи кьохьу. «Спартак-Налшыкым» ІэщІэкІащ текІуэныгъэ кьыззрихьыфыну Іэмал гъуэзэджэхэр. Адрейхэм и насып нэхъ кьыщикІыну дыщыгугъынщ.

Абы щыгъуэми апэ дивизионым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм Тулэ и «Арсенал»-м бжьыпэр щиубыдащ. МазитІ и пэкІэ етІуанэ дивизионым кьыхэкІа Аленичев Дмитрий и гъэсэнхэр зэпеуэм и япэ джэгугъуищми щытекІуащ, тІум нэгъуэщІ стадионхэм щыджэгуу. Иджы «Арсенал»-м Красноярск щыхэгъэщІащ щыпІэ «Енисей»-р.

ДжэгугъуитІым я ужькІэ пашэныгъэр зыныгъа «Мордовия»-м Саранск зэрибгъныэу ар ІэщІэкІащ. Абы «Сибирь»-р бжьгъэшхуэмкІэ Новосибирск кьыщефІэкІащ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ япэ дивизионым хэт командэхэм нужьу ирагъэкІуэкІа зэІущІэхэм кьаринкІуа бжьгъэхэм. Мис ахэр: **«Сибирь»** (Новосибирск) - **«Мордовия»** (Саранск) - **4:2, «Енисей»** (Красноярск) - **«Арсенал»** (Тулэ) - **1:3, «СКА-Энергия»** (Хабаровск) - **«Торпедо»** (Мэзкуу) - **0:0, «Шинник»** (Ярославль) - **«Салют»** (Белгород) - **0:0, «Химик»** (Дзержинск) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **1:0, «Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **«Алания»** (Владикавказ) - **1:2, «Уфа»** (Уфа) - **«Балтика»** (Калининград) - **3:2, «Газовик»** (Оренбург) - **«Ротор»** (Волгоград) - **0:0.**

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкІуэнщ. Бадзэуэгъуэм и 23-м абы кьригъэблэгъэнущ Владикавказ и «Алания»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Иджы бжьыпэр зэдагуэш

Къэбэрдей-Балькъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и етІуанэ къекІуэкІыгъуэм иджыблагъэ щІидзащ. Абы и япэ джэгугъуэм кьрикІуэ бжьыгъэхэм торнир таблицэм зэхьэкІыныгъэ ин хальхьащ: иджы бжьыпэр «ЛогоВАЗ»-мрэ «Кэнжэмрэ» зэдагуэш.

МЫГЪЭРЕЙ зэхьэзэхуэм и япэ кьекІуэкІыгъуэм и кІэухымрэ етІуанэм и пэщІэдзэмрэ зэхуэзэ командэхэр зыщ, щыджэгуа щІыпІэхэмкІэ зэхьэжауэ ащІащ. Абы кьыхэкІыу иджыблагъэ зи жагъуэ ящІахэм «яль ящІэжыну» Іэмал ягъуэтащ. Ар Іэзэу кьигъэсэбгащ «Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуэмэ гупым. ТхьэмахутІ и пэкІэ, Бабугент щыІэу, «ЛогоВАЗ»-м кьыхэзырыгъэщІар абы игъэгъуакъым икІи Налшык ардыдэр щрашІэжащ. Абы щыгъуэми я хьэрхуэрэгъум торнир таблицэм щиІыгъа бжьыпэр Іэщихащ икІи «Прохладнэм» аргуэру ефІэкІа «Кэнжэр» лъэщІигъэхьажащ.

ЕтІуанэу зэкІэлъхьэжьу «Ислъэмейм» текІуэри ещанэ увыпІэм кьыщынащ "Бахьсэныр». Ар очкоитху-хьикІэ япэ итщ кьыкІэлъыкІуэ «ГидроЭС»-мрэ «Къэхъуныкъэ».

Къэбэрдей-Балькъэрым и чемпион щІэр зезыхьэ «Автозапчасть»-р турнир таблицэм и кІэух увыпІэхэм ящыщ зым щыт «СК-Союз-Сэрмакым» зэрытемыкІуэфар куэдым телъыджэ ящыхъуащ. Щхьэлъкъуэ щыІэу япэ кьекІуэкІыгъэм и кІэух зэІущІэм 5:3-уэ кьыхэзрыщыхагъэщІам хуэфэщэн жэуап «Тэрч»м и стадионым щритыжащ.

КъыкІэрыху командэхэм зэкІэ зэхьэжьныгъэ щагъуэ яІэкьым. Абы и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыщ «Нартымрэ» «Шагъдиймрэ» я зэІущІэр зэрагъэІэпхъуар.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балькъэрым и чемпионатым и етІуанэ кьекІуэкІыгъуэм кьрикІуэ бжьыгъэхэм: **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **2:1, «Бахьсэн»** (Бахьсэн) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **5:1, «Автозапчасть»** (Бахьсэн) - **«СК-Союз-Сэрмакъ»** (Сэрмакъ) - **1:1, «Кэнжэр»** (Кэнжэ) - **«Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **3:2, «Къэхъуныкъ»** (Къэхъуныкъ) - **«Къэбэрдей»** (Шэрдж Йщхьэрэ) - **3:1, «Тэрч»** (Тэрч) - **«ДЕР»** (Шхьэлъикъуэ) - **5:1, «ГидроЭС»** (Налшык) - **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **2:1, «Эльбрус»** (Тырныауз) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - 4:3.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балькъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Кэнжэ»	18	14	1	3	50-26	43
2. «ЛогоВАЗ»	18	14	1	3	45-27	43
3. «Бахьсэн»	18	13	1	4	75-36	40
4. «ГидроЭС»	18	11	2	5	32-19	35
5. «Къэхъун»	18	10	4	4	41-30	34
6. «Спартак-Д»	18	9	5	4	49-32	32
7. «Автозапчасть»	18	9	2	7	43-38	29
8. «Прохладнэ»	18	7	6	5	28-17	27
9. «Шэджэм-2»	18	7	4	7	37-46	25
10. «Къэбэрдей»	18	7	3	8	39-44	24
11. «Велес»	18	5	6	7	32-34	21
12. «Эльбрус»	18	6	2	10	33-42	20
13. «Ислъэмей»	18	5	3	10	32-36	18
14. «Нарт»	17	4	4	9	26-37	16
15. «Шагъдий»	17	4	4	9	32-45	16
16. «Тэрч»	18	4	1	13	43-67	13
17. «СК-Союз-Сэрмакъ»	18	3	2	13	23-56	11
18. «ДЕР»	18	2	3	13	25-53	9

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Арсенал»	3	3	0	0	6-1	9
2. «Мордовия»	3	2	0	1	9-5	6
3. «Уфа»	3	2	0	0	5-3	6
4. «Сибирь»	3	2	0	1	6-5	6
5. «Алания»	3	2	0	1	4-3	6
6. «СКА-Энергия»	3	1	2	0	2-1	5
7. «Шинник»	3	1	2	0	2-1	5
8. «Газовик»	3	1	2	0	2-1	5
9. «Ротор»	3	1	1	1	5-3	4
10. «Химик»	2	1	1	0	2-1	4
11. «Спартак-Налшык»	3	1	1	1	2-4	4
12. «Салют»	3	0	3	0	1-1	3
13. «Балтика»	3	0	2	1	4-5	2
14. «Торпедо»	3	0	2	1	1-2	2
15. «Ангушт»	2	0	1	1	1-2	1
16. «Нефтехимик»	3	0	1	2	3-5	1
17. «Динамо»	3	0	1	2	1-5	1
18. «Енисей»	3	0	1	2	2-7	1
19. «Луч-Энергия»	3	0	0	3	0-3	0

Зэ1ущІэ нэужьым

ШЫПШ Тимур, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Апхуэдэуи къохьу

- КъыкъэкІа Іэмалхэр къэдгъэсэбэпакъым, абы щыгъуэми топ кьытхудагъэкІыным зымащІэщ иІэжар. Джэгум кьрикІуэ бжьыгъэмкІэ, дауи, сыарэзыкъым.

Короновым худэмыгъэкІа пенальтим и гугъу пщІымэ, хэти апхуэдэу кьыщыщІыфынущ. Псалъэм кьыдэкІуэу жысІэнщи, сщыгъупщжащ нужьу пенальти дыщрагъэуар. Абы кьыхэжьІу ар хэт игъэзэщІэнымэ дубзыхуатэкъым. Зыри шыпагъуэ кьэхъуакъым, кьыкІэлъыкІуэм топ щыдэдзгъэкІынщ.

ЖУРАВЛЁВ Борис, *«Динамо»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Хуабжьу дыхуэныкъуэт

- Хуабжьу дыхуэныкъуэ очко кьэдлэжьащ. Ди кьарур зыдыпэсыр зэхэкІын папщІэ абы мыхьэнэщхуэ иІэщ. Иджы топ дэдгъэкІыу зедгъэсжатэмэ, ипэкІэ дыкьуэтэнут. Гъуащхьауэ Іэзэ Акимовыр кьыхэзрытхыхьам а гугъуехьыр тщІхьэщІихыну дыпоплъэ.

Пенальтим теухуауэ сыт жысІэфынур? Сэ апхуэдэ хуитныныгъэ сиІэкъым.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Гъащ1э узынщэм и телъхьэхэр

КъБР-м Цыхуб хьыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэхэм я узынщагъэр ирагъэфІэкІуэну мурад ящІри, министр Къумахуэ Мухьэдин я гъусэу Хьэтіохьущокьуэм и цІэр зезыхьэ жыг хадэм Іэпкьлъэпкьыр зэщІэгъэкІыным хуэунэтІауэ ирагъэжІуэкІ Іуэхущіуэхэм хэтащ.

ЦІЫХУР псэукІэ узынщэм кьыхуезыджэ «Стимул» щІынальэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ, КъБКъУ-м щІэныгъэхэм щыхагъахьуэ и факультетым и декан, физиолог, геронтолог Къуэщысокьуэ Александр и нэІэм щІэту я Іэпкьлъэпкьым зрагъэукъуэдияжь балигъэхэм сабийхэми. Абы кьрихьэлІащ апхуэдэ Іуэхущіуэхэм ящу хьыбахэри пщэдджыкьыІэрэ кьэжьыныр хабзэ зыхуэхьуахэри.

Іэпкьлъэпкьым зегъэукьуэдиным сыхьэт ныкьуэ текІуадэу аращ, дэтхэнэми ар и закъуэ ищІыфынуц, нэхъыщхьэращи, абы и ужь махуэ псом гукьыдэжьр уи Іэпэгъуэу щытынущ.

КъБР-м Цыхуб я хьыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэхэм я щапхъэм гупыж зыщІ дэтхэнэри ирикІуэфынущ, махуэжь кьэс сыхьэти 7-м ПащІэ Бэчмырэзэрэ Мечиев Кязымрэ я фэеплъхэу Хьэтіохьущокьуэм и жыг хадэм итхэм дежь екІуалІэмэ.

Къуэщысокьуэ Александр

Хъыбарыщ1эхэм фызэрыкІэлъыплъыну Іэмал

КъБР-м Цыхуб хьыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм кьыпэІурыщІащ иужьрей зэманым суртхэмрэ хьыбарыщІэхэмрэ куэду щыпэхуахьэх хьуа «Instagram» микроблогингымрэ «Twitter» сайтымрэ. Министерствэм и Іуэхущіафэхэр зыхуэдэр иджырей зэманым деКІу а Іэмалымкіэ щІыхуэхэм къащІэфынущ.

КъБР-м Цыхуб хьыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм и напэкІуэцІхэр зи гугъу тщІа сайтхэм щыщыбгъуэтыфынущ мы адресхэмкІэ: https://twitter.com/MinSMI_KBR, http://instagram.com/minsmi_kbr.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, министерствэм и напэкІуэцІщІэх-щІэхыурэ къагъэшІэращІэхэр къащІывгъэуэтынущ: КъБР-м и Правительствэм и порталым (http:// www.pravitelstvokbr.ru/k-br/kbr-main.nsf/html/MSMI), КъБР-м и хьыбарегъащІэ Іуэхущіапіэм и порталым (http:// www.smikbr.ru/index.php), социальнэ сетхэм - «ВКонтакте» (https://vk.com/minsmikbr), «Facebook» (http://www.facebook.com/MinSMIKBR), «Одноклассники» (http://odnoklassniki.ru/group/52825011912813), «Живой Журнал» (http://minsmi-kbr.livejournal.com/).

КъБР-м Цыхуб хьыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм.

Нэгузыужьщ икІи щхьэпагъ пылъщ

Аруан районым и курыт школхэм щылажьэ лагерхэм зыщагъэпсэхуащ икІи я узынщІагъэр щрагъэфІэкІуэжащ унагъэшхуэхэмрэ хуэмыщІахэмрэ къахэкІа сабии 145-м.

ШКОЛХЭМ щыІэ лагерхэм я лэжьыгъэр программэ щхьэхуэм тету убзыхуащ. Абы кьыщыпльытащ сабийхэм я Іэпкьлъэпкъым, я акъылым сыт и лъэныкъуэкІи зегъэужьным хуэунэтІа щытыкІэ тэмэмэхр кьахуэзгъэпэщыныр. Абыхэм зыщыщІыгъэсэхуахэм зэрыжьаІэмкІэ, а лъэхъэнэр гуапэу ягу кьинэжащ. Сабийхэм ягу ирихьар ерыскъы щІэщыгъуэхэмкІэ зэрагъэшхам и закъуэхъым, атІэ я къуэхьым зезыгъэужь куэд кьызэращІари республикэм и нэгузыужь щІыпІэхэм зэрашари кьыхагъащ.

Лагерхэр щылажьэ Нарткъалэ дэт лицейм, Старэ Шэрэдж, Аруан къуажэхэм щыІэ курыт школхэм я унафэщІхэм гульитэ нэхъ зыхуащІар я деж зыщыщІыгъэпсэху сабийхэм нэгузыужь Іуэхугъуэ нэхъыбэ къахуэзгъэпэщыныр. Сабийхэм гукъинэж ящыхъуащ Налшык дэт сату нэгузегъэужь Іуэхущіапіэ инкэм щылъытыуа псори.

Ахуэдэу гъащІэм къахуэщхьэпэн Іуэхугъуэ зэхэзымыдзэкІэ щыгъуаз ящІащ щыкІуэкІуэр. Аха щыщІащ автомобиль кьалэ щыкІуэм икІи езыхэм машинэ кьехуэкІыкІэ зэращІэми еплъыжащ, гъэгум зэрыщІэзекІуэ хабзэхэр зэращІри ягъэунэхуащ.

МафІэсгъэункІыфІ Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэхэм я хьэщІэ ныбжьыщІэхэм ирагъэпэгъуащ я Іэщіагъэм зэрыхуэІэкІуэлъакІуэр, мафІэсым кьишэ шынагъуэр зыхуэздэри абы зэрыщыпхъумэфынури гурагъэІуащ.

Сабийхэм я зэфІэкІыр щагъэпэгъащ «Мэз Іувхэм я джэ макъ», «Парикмахер Іэзэ», «Лагерым и къэфакІуэ нэхъыфІ», «Нэхъ хахуэр», «Къаруурфіэхэр, Іэкіуэлъакіуэхэр, лІыхъужьхэр» зэпеуэ зэхуэмыдзэкъм. Лагерым щыпэжьа макъамэ, художественнэ гупжьейхэм наІуэ кьащІащ ныбжьыщІэхэм ябгъэдэль зэчийр зыхуэдэр.

СОКЪУР Риммэ.

Бгыр къагъэІурыщІэ

Урысейм альпинизмэм и техникэ классымкІэ чемпионатыр зэрыкъуэщІыжьым тетуха зэхьэзэ ПІэрэдж куейм щыІэ «Безенги» альплагерым щекІуэкІащ.

АЛЬПИНИСТ зэпеуэхэм ди къэралым и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыкІэкІа командэ 16 хэтащ. УФ-м альпинизмэмкІэ и федерацэм кьыхилъхьа чемпионатыр КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэмрэ ПІэрэдж муниципальнэ куейм щыпІэ администрацэмрэ даІыгъащ.

Бадзэуэгъуэм и 4-м щегъэжьауэ и 14 пщІондэ екІуэкІа зэхьэзэхуэхэм кьрикІуахэр кьапщытэжащ. ТекІуэныгъэр зыІэрагъэхьащ «Иркутск область-2» гупым хэтахэу Веретенин Денисрэ Башкирцев Евгенийрэ. Абыхэм кьакІэлъокІуэ «Бурят Республикэ-2» гупым щыщ зэкъуэшхэу Глазуновхэ Евгенийрэ Сергейрэ. Ещанэ увыпІэр кьахьащ «Красноярск край-3» командэм хэтахэу Логинов Игоррэ Жигалов Александррэ.

Апэ увыпІищыр къэзыхьахэм КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм кьыбгъэдэкІыу медалхэмрэ кубокэхэмрэ, абы кьыщыпымыщІауэ, УФ-м альпинизмэмкІэ и федерацэм и дарэгу «RedFox» компанием и сертификатхэр иратащ.

Зэпеуэм и судья нэхъыщхьэ, Ростов областым альпинизмэмкІэ и федерацэм и тхьэмадэ Пятницын Александр бгъым джІалэхэм щІэрыль зыхуащІыжьа кьалэнэхэр бэІутІэІунщэу зэрызэфІагъэкІар и гуапэ зэрыхьэр кьыхигъэщащ.

Спортсменхэм ехъуэхьун папщІэ, зэхьэхьэм зыкьраГъэхъэлІащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм и кьэлэ Дзуреченскай Анатолий, ПІэрэдж куейм администрацэм и Іэтащхьэ Темиржанов Махьты, СССР-м альпинизмэмкІэ и чемпион зыбжанэрэ хьуа Ефимов Сергей сымэ, нэгъуэщІхэми.

- Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр ди деж зэрыщекІуэкІыр щыхьэт тохьуэ Урысейм щыпсэу альпинистхэм Къэбэрдей-Балькъэрыр кІуэпІэ зэрахъуэхуам, - жиІащ Геккиев Заур.

Темиржанов Махьты кьыхигъащащ нужьрей зэманым альпинизмэм дихьэх куэд щІалэгъуалэм кьаухэІ зэрыхъуар. Аращ куейм и сорт елжапІэхэм ящыщ зым абы хуэзыгъасэ секцэ кьыщызгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхугъуэхэм администрацэр мы зэманым щІыхэпльэр.

- Мыбы и пэ кьихуэу дэ Къэбэрдей-Балькъэрым и къуршэм зэм дыщыІакъым, - я гукъыдэжьр къаІуатэ зэпеуэм бжьыпэр къыщыщІыхьаэу Веретенин Денисрэ Башкирцев Евгенийрэ. - Мы щІыпІэм и дахагъэм псэр ехьэху. ЦІыхухэр гуапэщ, ягуэр зэІуахащ. Іэмал имыІэу къытедгъэзэнщ!

Зэхьэхьэм и кІэухым Урысей Федерацэм альпинизмэмкІэ и федерацэм кьыбгъэдэкІыу ПІыщІэ тхьылъхэр иратащ куей администрацэм и Іэтащхьэ Темиржанов Махьты, Безенги къуажэм и администрацэм и тхьэмадэ Рахаев Исмэхьил, «Безенги» альплагерым и унафэщІ Анаев Алий, МЧС-м и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и «Налшык» кьегъэлажІуэ гупым, Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэм и ПІэрэдж куей кьудамэм и участковэ уполномоченнэ Чочаев Ахъмэт, «Черекские вести» район газетым и редактор нэхъыщхьэ Чаб1дарэ Марат сымэ, нэгъуэщІхэми.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маринэ, Нэщ1эныдэж Замирэ, Хьэжькьаерэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэжІ.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэм Іуэхущіапіэхэм я дэлажьэныкІэ - 42-57-15; зэдзэкІуэхэм - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущіапіэм - 42-26-41; суэрэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм ящІэ жэуап ящІ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеуэу зэныту щытхъым.

Газетыр Іэ тедзэхэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмэныкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ Іуэхущіапіэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытыдзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэмыхэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Къашшокьуэ Іэлэ, редактору Жьэкіэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щ1оджэн Инэ (1, 2, 6-нэ нап.), Щ1оджэн Заирэ (3, 4, 5-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Мырэзкъан ФатІимэ. КомпьютеркІэ газетым и тепІэр щІащ Ныр Саидэ, *суэрэттхэм елэмэжар* Бицу Жанпэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ траддэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.178 ● Заказ №1871